

Milik Departemen P dan K  
Tidak diperdagangkan  
Untuk umum

# Menak Lakat

## III

R. Ng. Yasadipura |



ktorat  
yaan

partemen Pendidikan dan Kebudayaan

YAS

W

**MENAK LAKAT**  
**III**

TA 1000	1000
18 MAY 1984	1351

# MENAK LAKAT

## III

Oleh  
R. NG. YASADIPURA I

Alih Aksara  
Oleh  
Drs. SUDIBJO Z.H.

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan  
PROYEK PENERBITAN BUKU SASTRA  
INDONESIA DAN DAERAH  
Jakarta 1982

Diterbitkan seizin PN Balai Pustaka  
BP. No. 1251b  
Hak cipta dilindungi undang-undang

## KATA PENGANTAR

Bahagialah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalian karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalian sastra daerah jelas akan besar sekali bantuananya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahan pendidikan pada khususnya.

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antarsuku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergali dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejalan dan seirama dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah Jawa, yang berasal dari Balai Pustaka, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelengkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta, 1982

Proyek Penerbitan Buku Sastra  
Indonesia dan Daerah

## ISINIPUN

24. Candhakipun redi Kud Dados Pasareyanipun Wong Agung .....	15
25. Dewi Kuraisin Paranggihan Kaliyan Dewi Patimah .....	21
26. Dewi Kuraisin Nusul Dhateng Paprangan .....	35
27. Dewi Kuraisin Sumaput Mireng Ingkang Rama Seda ..	39
28. Dewi Kuraisin Badhe Males Ukum Dhateng Raja Jenggi	43
29. Wadya Ngabsah Campuh Kaliyan Wadya Jim .....	51
30. Raja Jenggi Dipun Bubujeng Dhateng Dewi Kuraisin ..	63
31. Nyuwun Gesang Dhateng Kangjeng Nabi .....	68
32. Ukumanipun Raja Lakat Kaliyan Raja Jenggi .....	78
33. Dewi Kuraisin Dhaup Kaliyan Bagendha Ngali .....	87
34. Tangkepipun Dewi Patimah Dhateng Maru	98
35. Dewi Kuraisin Marak Dhateng Kadhaton Madinah .....	105
36. Untabipun Wadya Jim .....	111
37. Dewi Kuraisin Dipun Boyong Bagendha Ngali .....	124
38. Dewi Kuraisin Badhe Wangsul Dhateng Ngajrak .....	133
39. Pamit Kangjeng Nabi .....	139
40. Dumugi Ing Ngajrak .....	151
41. Kagungan Putra Nama Muhamad Kanapiyah .....	156
42. Raja Hirman Ngrasuk Agami Islam .....	165
43. Muhamad Kanapiyah Sowan Dhateng Madinah .....	174
44. Kajumenengaken nata Ing Ngajrak .....	185

## KATA PENDAHULUAN

Dalam buku Menak Lakat jilid dua telah dikisahkan bahwa jenazah Sang Agung Menak Jayengrana telah ditemukan dan siapkan seperlunya untuk dibawa dan dimakamkan di Madinah.

Diceritakan pula bahwa Gunung Kud yang telah menyaksikan peperangan dahsyat antara wadya Arab dan Lakat dan menyaksikan pula betapa sakti serta agungnya Sang Agung Menak, mempunyai keinginan agar selalu dekat dengan makan Sang Amir Ambyah. Maka itu ketika jenazah diberangkatkan, Gunung Kud beserta kawan-kawan pegunungan di dekatnya, ikut bergerak mengikuti jenazah. Namun Nabi Muhammad SAW berpikir, daerah Madinah terlalu sempit untuk ditempati Gunung Kud beserta kawan-kawannya. Akhirnya diputuskan, jenazah Sang Agung Menak Jayengrana dimakamkan di Gunung Kud di tempat itu juga.

Cerita seperti ini tentu banyak yang menyangsikan.

Akan tetapi maksud penggubah cerita tentu bukan untuk menyesatkan para pembaca, melainkan semata-mata hanya untuk menyatakan keagungan Sang Agung Menak beserta Nabi Muhammad SAW. Dalam rangka makna semacam itulah cerita ini hendaknya dibaca dan dihayati.

Sementara itu sisa-sisa para wadya Raja Lakat dan Raja Jenggi terus dikejar-kejar Sayidina Ali, dan karena tidak tahan sebagai buronan terus-menerus, akhirnya para patih beserta wadinya menyerah. Dan setelah penyerahan mereka diterima, Nabi Muhammad SAW beserta para wadinya bertolak kembali ke Negara Arab.

Di Negara Ngajrak, yaitu negara para jin, yang menjadi raja ia-

lah seorang putri, Dewi Kuraisin, putri Sang Agung Menak dengan Dewi Ismayawati yang tadinya bertahta sebagai raja di Negara Ngajrak. Sang Dewi Kuraisin ingin pergi ke Negara Arab, ingin menghadap ayahnya, pula bertemu dengan Nabi Muhammad SAW yang juga masih saudaranya, dengan maksud untuk masuk Agama Islam.

Setelah di Madinah bertemu dengan Dewi Fatimah, putri Nabi Muhammad SAW dan juga istri Sayidina Ali, dan diberi kabar bahwa Sang Agung Menak dan Sang Nabi masih belum kembali dari peperangan, Sang Dewi Kuraisin memutuskan untuk menyusul ke medan pertempuran. Di tengah jalan Sang Dewi berjumpa dengan wadya Arab yang sedang kembali, dan akhirnya dari Nabi Mohammad SAW, Sang Dewi mendapat penjelasan bahwa ayahnya, Sang Agung Menak Jayengrana, telah gugur sahid dalam peperangan karena tipu muslihat Raja Jenggi.

Walaupun Sang Nabi mencoba melipur Sang Dewi bahwa hal itu telah menjadi kehendak Hyang Agung, Dewi Kuraisin belum dapat menerimanya sebelum mengadakan perhitungan dengan Raja Jenggi yang diketahui masih hidup tetapi entah di mana. Sang Dewi akhirnya menemukan Raja Jenggi yang sedang menata kembali sisa-sisa barisannya yang belum takluk. Terjadilah pertempuran antara wadya bala jin dan wadya Ngabesah dengan hebatnya. Raja Jenggi mengeluarkan segala keaktiannya, namun semuanya ditolak dan dihancurkan oleh kesaktian Sang Dewi Kuraisin. Akhirnya berhadapanlah Sang Dewi dengan Raja Jenggi. Terjadi perang tanding yang maha dahsyat, namun Raja Jenggi merasa kewalahan dan milarikan diri, dikejar-kejar oleh Sang Dewi Kuraisin. Ke mana saja Raja Jenggi lari, ke dalam laut, ke udara, menyelusup di bawah tanah, ia tak henti-hentinya dikejar oleh Sang Dewi. Akhirnya karena tak tahan akan kejaran Dewi Kuraisin, Raja Jenggi memutuskan untuk menyerah dan minta perlindungan kepada Nabi Muhammad SAW. Tiba di hadapan Sang Nabi, Raja Jenggi menyerahkan mati-hidupnya dan bersedia masuk Agama Islam. Ia juga dengan jujur mengatakan bahwa telah menyebabkan gugurnya Sang Agung Menak.

Sang Dewi Kuraisin yang sementara itu juga tiba di hadapan Sang Nabi, segera ingin menghabiskan riwayat Raja Jenggi, namun dihalangi oleh Nabi Muhammad SAW. Dalam usaha melarai nafsu Sang Dewi, Nabi minta Dewi Kuraisin menengadah ke langit. Dan dilihatnyalah ayahnya, Sang Agung Menak, bertha di sorga, pertanda bahwa Sang Ayah telah diterima baik pengorbanannya dan telah mendapat tempat yang semestinya di sisi Yang Maha Kuasa. Dan reda dan relalah rasa hati Sang Dewi Kuraisin.

Dalam penyelidikan selanjutnya ternyata bahwa Raja Lakat telah berkata tidak benar dirinya tak ikut-ikut dalam gugurnya Sang Agung Menak; dan ternyata Raja Jenggi yang jelek rupanya itulah yang berkata sebenarnya. Akhirnya diputuskan hukuman kedua raja tersebut. Keduanya diampuni dan tetap hidup, hanya kepala mereka harus dicukur gundul. Mereka bersama wadyanya selama hidup harus bertobat kepada Yang Maha Esa dan melakukan segala perintah serta kuwajiban terhadap Hyang Agung.

Kini yang telah berjasa besar adalah dua orang, yaitu Sayidina Ali dan Sang Dewi Kuraisin. Akan dianugerahi apa, harta benda, kerajaan, kemudian, keduanya telah memiliki kesemuanya itu.

Maka atas desakan Sang Nabi, juga akhirnya atas kesediaan Dewi Kuraisin sendiri dan pula atas kesediaan Sayidina Ali, mereka berdua dijodohkan sebagai suami istri oleh Sang Nabi. Istri Sayidina Ali, Dewi Fatimah, putri pribadi Sang Nabi, dengan segala kerelaan dan kejujuran hati dapat menerima dengan baik pembeduan itu, bahkan mereka berdua (kedua madu) menjadi sahabat rapat.

Agak lama juga Sang Dewi Kuraisin tinggal di Madinah dan selalu didampingi oleh Sang Dewi Fatimah. Dan tak lupa Dewi Kuraisin, setelah masuk Agama Islam, banyak mendapat ajaran agama dari Dewi Fatimah, dan sering pula mendapat wejangan, pituah, serta nasehat utama dari Nabi Muhammad SAW pribadi.

Tetapi lama-kelamaan Dewi Kuraisin ingat pula akan kerajaan-

nya yang telah lama ditinggalkan dan hanya ditunggu oleh Sang Ibu, Ismayawati. Sang Dewi ingin kembali ke kerajaannya, dan walaupun sudah berbadan dua dan dengan rasa sangat berat, akhirnya mendapat izin pula dari sang suami dan doa restu dari Sang Nabi.

Bahkan dikatakan oleh Nabi bahwa dari kandungannya itu kelak akan lahir bayi laki-laki dan supaya diberi nama Muhammad Hanafiah. Dialah yang kemudian akan menyelamatkan keluarga, agama, serta negara. Dan kembalilah Sang Dewi Kuraisin ke negaranya Ngajrak. Kepada Ibu Surinya, Sang Dewi Ismayawati, diberitakan bahwa ayahnya, Sang Agung Menak Jayengdimurti telah gugur sahid dalam perang sabilullah di Negara Lakat, dan menceritakan pula bahwa Sang Dewi pribadi telah melihat ayahnya bertahta di sorga yang berarti bahwa Sang Amir Ambyah telah diterima di sisi Tuhan dengan sebaik-baiknya. Betapa pun sedihnya hati Sang Ibu Suri, namun setelah mengetahui bahwa suaminya telah diterima Tuhan Yang Maha Kuasa dengan sebaik-baiknya, relalah rasa hati Sang Dewi Ismayawati.

Setelah waktunya tiba, lahirlah dari kandungan Sang Dewi Kuraisin seorang anak laki-laki dengan muka tampan gilang-gemilang. Dan sesuai dengan pesan Sang Nabi, bayi diberi nama Muhammad Hanafiah. Juga para selir jin Sayidina Ali yang ketika kembali ke Negara Ngajrak telah hamil, kemudian melahirkan bayi masing-masing dan semuanya lahir laki-laki.

Di Negara Lakat kini yang berkuasa sebagai raja adalah bekas Patih Bahtiar. Dan ketika Patih Bardanas kembali di Negara Lakat, ia juga bermaksud tunduk kepada Raja Bahtiar, karena melihat bahwa semua raja beserta wadya balanya semua telah tunduk kepada Raja Bahtiar. Akan tetapi setelah Bardanas tiba di Lakat, ia segera ditangkap dan akhirnya dibunuh. Dan Sang Bahtiar kini telah diresmikan sebagai Raja Lakat, di bawah kekuasaan Raja Hirman, raja di Negara Medayin. Dan Raja Bahtiar dapat memerintah kerajaannya dengan baik. Raja yang dahulu, sekembalinya dari Madinah dan tiba di perbatasan negara, diserang dan tewaslah Raja Lakat yang lama. Negara Lakat di-

bawah perintah Raja Bahtiar menjadi ramai dan makmur sejahtera.

Kemudian Raja Bahtiar mempunyai keinginan masuk Agama Islam, dan atas saran serta bujukannya, Raja Hirman di Negara Medayin pun akhirnya bersedia bersama dengan semua wadya balanya, menjadi penganut Agama Islam.

Sementara itu sang bayi Muhammad Hanafi tumbuh dengan sehat dan pesatnya, menjadi anak muda berupa bagus, tampan, dan gagah.

Atas nasehat Sang Abdul Sapari, kakek Sang Dewi Kuraisin, setelah berumur menjelang dewasa, Muhammad Hanafiah beserta adik-adiknya, dibawa ke Madinah untuk dihadapkan kepada ayah mereka dan kepada Sang Nabi Muhammad SAW.

Mereka diterima dengan segala kesenangan oleh Sang Ayah maupun oleh Sang Nabi yang mengetahui bahwa anak ini kelak akan menjadi pahlawan besar yang berjasa terhadap negara dan agamanya. Dan atas kesediaan Sang Ibu, oleh Nabi Muhammad Hanafiah dijadikan raja di Negara Ngajrak, dan setelah cukup lama ada di Madinah, kembalilah Sang Prabu Muhammad Hanafiah sebagai Raja Ngajrak ke negaranya. Dan adik-adiknya tak lupa pula dijadikan raja-raja bawahan di bawah kekuasaan Negara Ngajrak.

Setelah itu Sang Raja Mohammad Hanafiah beserta adik-adik dan para wadyanya tak lupa setiap tahun pergi menunaikan ibadah haji ke Mekah.

## 24. CANDHAKIPUN REDI KUD DADOS PASAREYANIPUN WONG AGUNG

### DHANDHANGGULA

1. Mila driji satunggal sun kardi  
dene saking kehing malaekat  
melu anyirami kabeh  
sesak saking kehipun  
mula driji satunggil miring  
sawusnya siniraman  
ingulesan sampun  
sinalataken saksana  
Kangjeng Nabi wau ingkang angimani  
sahbat makmum sadaya.
2. Miwah raja satriya pra mantri  
ketip kaum wadya bala Islam  
sami nyalataken kabeh  
malaekat sadarum  
samyia makmum nyalatken sami  
ya ta sawusing bakda  
Jeng Nabi lingnya rum  
parentah karya trebela  
karsanira binekta layoning Amir  
pinetak Nagri Mekah.
3. Plangeraning wong mati prang sabil  
lamun dhasar labuh lir Jeng Ambyah  
karam dinusan sakehe  
yekti sakehing marus  
dadi ganda kongas mrik wangi  
sinung rahmat dening Hyang  
munggah ing swarga gung  
dene layone Jeng Ambyah  
siniraman krana wus tais mring Amir

sakeh rah dadya mulya.

4. Kawarnaa kang Arga Kud angling  
nguwuh-uwuh mring Jeng dutaning Hyang  
Gusti amba atataken  
paman tuwan punika  
Gusti tuwan petak ing pundi  
ngandika Nabiyullah  
Paman Jayengsatu  
sun sarekaken mring Mekah  
sang Gunung Kud matur malih mring Jeng Nabi  
kawula datan suka.
5. Lah petaken Gusti gigir mami  
kepengin den nggeni Waliyullah  
ngong karya jimat wiyose  
ngandika Kangjeng Rasul  
sun tan lega Jeng Paman Amir  
sumare kene uga  
adoh lawan ingsun  
becik sumare ing Mekah  
ardi matur inggih yen ameksa Gusti  
paman tuwan binekta.
6. Amba ngalih mring Mekah nagari  
bekta sakanca amba sadaya  
ardi kiwa tengening ngong  
ngendika Kangjeng Rasul  
puluh-puluh Jeng Paman Amir  
apan kudu sun gawa  
sigra sang Gunung Kud  
lumampah sakancanira  
ting janggeleg lampahnya wus mingser tebih  
gupuh Jeng Nabiyullah.
7. Lah mandhega Gunung Kud rumiyin  
iya mengko sun pikire uga

gya kendel gunung lampahe  
kewran Jeng Gusti Rasul  
yen Gunung Kud temahan ngalih  
marang Nagara Mekah  
sesak papanipun  
sajroning Mekah kebekan  
wus pinupus baya wus karsaning Widhi  
Gunung Kud karepira.

8. Ing wusana ngandika Jeng Nabi  
heh Gunung Kud manira wus lega  
Jeng Paman sinare kene  
Gunung Kud matur nuwun  
gya parentah wau Jeng Nabi  
mring sagung pra sakabat  
karya kruwat dunung  
samana sampaun tumandang  
ingkang samya ngaluwat pan sampaun dadi  
kang layon gya ingangkat.
9. Kang angrembat mring pucuking ardi  
pra sakabat miwah para raja  
Jeng Nabi njenengi dhewe  
pametakira wau  
layonira Bagendha Amir  
samarga-marga gumrah  
dhiikiring pra kaum  
sinela lawan slawatan  
sampaun prapta kang lahon pucuking ardi  
saksana wus pinetak.
10. Ya ta panjang kalamun winarni  
Kangjeng Nabi lan sawadyanira  
kondur mring pambitingane  
genti ingkang winuwus  
sang Suteja Bardanas patih  
ingkang lagya umpetan

duk kacepengipun  
nenggih sang raja ing Lakat  
pan ing mangke Suteja Bardanas patih  
taksih gampeng umpetan.

11. Duk petake Jeng Bagendha Ngali  
pan angatos kalenger tri dina  
sareng anglilir ciptane  
manahira wus mupus  
dudu padon prajurit Mukmin  
angur padha muliha  
urip temahanipun  
saksana wus samya medal  
saking gampeng neng ara-ara alinggih  
alenger-lenger mulat.
12. Bangke glasah duk ginetak Ngali  
samya ajur pan kadya tinebak  
kang katungkulon petake  
Suteja samya nglangut  
lan Bardanas golek wong urip  
mrana-mrana gelasah  
kang bangke lir gunung  
dennya kesah wiwit enjang  
nganti lingsir durug menangi wong urip  
samana samya raryan.
13. Nulya wonten wong kapir satunggal  
lagya nglilir dennya kapidhara  
sawuse eling gya anon  
marang Suteja gupuh  
marepeki atanya Gusti  
Patih Suteja ngucap  
ingsun nora weruh  
balik sira yen uninga  
Sri Narendra kapriye saungkur mami  
paran pawartanira.

14. Kang sinung ngling amangsuli aris  
saderenge kawula kantaka  
priksa saklebatan bae  
nguni Lakat Sang Prabu  
wus binanda Bagendha Ngali  
Raja Jenggi nya oncat  
mring ngawiyat mumbul  
amba lajeng datan wikan  
selak gelak gendring kawula gumlinting  
kecandhak dening petak.
15. Sang Suteja asrep ingkang galih  
gustinira dene datan tiwas  
Bardanas alit manahe  
nulya kesah anglangut  
sedaya mantuk mring Lakat nagri  
mung karo wawayangan  
tan na rowangipun  
mampir mring bitinge lama  
wus kapanggih suwung binoyongan sami  
saisini jinarah.
16. Pondhok rusak wus dipun obongi  
mring pra ratu kang amanjing Islam  
Bardanas laju lampuhe  
Suteja ingkang kantun  
ngungsi dhateng madyeng wanadri  
ya ta nulya kapapag  
Drustamngajid prabu  
dangu-dangu saya kathah  
wong ing Ngabsah kang samya ngupados gusti  
wus ngumpul lan Suteja.
17. Pirang-pirang wadya Ngabsah nguni  
destun sisane kang sami pejah  
wong limang atus kathahe  
dene garwaning prabu

ingkang samya kantun neng biting  
nguni duk Ngali petak  
kathah lajeng lampus  
sakerine ingkang pejah  
pan akathah ting pranguk dhateng pekathik  
lajeng binekta minggat.

18. Weneh ginawa mring ratu kapir  
ingkang sami manjing gama Islam  
kinarya srama temahe  
pasranggahaning prabu  
tumpes sirna dipun obongi  
ya ta Patih Suteja  
lawan Drustam Prabu  
anusup-nusup mring wana  
sakancane ing siyang dalu lumaris  
ngupaya Jenggi raja.

## 25. DEWI KURAISIN PAPANGGIHAN KALIYAN DEWI PATIMAH

### SINOM

1. Nahan Jeng Nabi Sri Nata  
apan maksih atata baris  
aneng jroning pambitingan  
badhe ngruruh Raja Jenggi  
miwah sisaning pati  
wong kapir kang dereng teluk  
ya ta Jeng Nabiyullah  
risedhengira tinangkil  
sarwi mulang dhateng tetelukan anyar.
2. Siga Jabarail prapta  
asung salam sarwi angling  
Muhamad timbalaning Hyang  
Tuwan ambubarna baris  
sabab sampun alami  
atilar naganinipun  
kondura mring Madinah  
sakarya Tuwan ing jurit  
wus katrima dhateng Hyang Kang Maha Mulya.
3. Jeng Nabi Murti sandika  
gya muksa sang Jabarail  
angandika Nabiyullah  
mring sakabat myang pra dasih  
ambubaraken baris  
awit karsaning Hyang Agung  
sadaya wus jinarwa  
sasabdanya Jabarail  
Kangjeng Nabi akondur dhateng Madinah.
4. Apan sampun tigang dina

denira atata dasih  
nganti lerem ingkang bala  
ya ta kawarnaa enjing  
wus budhal Kangjeng Nabi  
sagunging wadya wus daut  
gumrah swaraning bala  
sauran tengara muni  
sanjata geng mawanti lir gelap sasra.

5. Sakathahe para nata  
mantri satriya prajurit  
samya lumampah ing ngarsa  
ing sabalanira ngiring  
golong-golongan sami  
tan awor sajuru-juru  
ratu sabalanira  
andulur turangga esthi  
lampahira samarga satata-tata.
6. Sinambungan Sayid Ngabas  
sabalanira angiring  
anulya Bagendha Ngusman  
sawadya balanya asri  
anulya den sambungi  
Bagendha Ngumar sawadu  
ing wuri sinambungan  
prajurit elet ngajrihi  
titindhihe prajurit para sakabat.
7. Gumruh swaraning gurnita  
nulya tindaknya Jeng Nabi  
kinubeng satriya raja  
pra sakabat kanan kering  
ya ta ingkang neng wuri  
Bubakar sakancanipun  
anulya lampahira  
tetelukan ratu kapir

wong ing Lakat kalawan tiyang Ngabesah.

8. Ya ta kang mungkasi lampah  
Kangjeng Sayidina Ngali  
sarerehannya belabar  
ing wuri pisan wong Mukmin  
kang samya nandhang kanin  
miwah gunging sangu-sangu  
tinindhihan sakabat  
nengna tindake Jeng Nabi  
kondurira kadya duk mangkat ayuda.
9. Genti ingkang kawarnaa  
sira Sang Narendra Putri  
kang ngrenggani ing Ngajerak  
Prabu Dewi Kuraisin  
bumintara kasubing  
angerehaken lelembut  
jim peri parayangan  
kaparentah Prabu Dewi  
pitung yuta ratuning jim kumawula.
10. Wanter sakti mandra guna  
prawira kalokeng jurit  
sira risang narpaning dyah  
ngrampungi salir kasaktin  
tan mantra ruming sari  
kadigdayanira punjul  
yen nuju beksa rosa  
kalangkung ngebat-ebati  
pocapannya jagura prewata bencah.
11. Sagunging sela myang wreksa  
yen den asta Prabu Dewi  
rinemet glepung remak crah  
wignya ambles ing pretiwi  
nadyan dhasaring bumi  
sadhasaring samodra gung

kadya angambah dharat  
utawi pitung wiyati  
apan nenggih wus ambah-ambahanira.

12. Pratignya ngubengi jagad  
sajam mubeng ping sakethi  
sagunging kang nusantara  
ngatas angin bawah angin  
lembut prayangan pri jim  
sumewa prapta sumuyut  
tan ana kaliwatan  
salumah sanungsa bumi  
kaparentah mring Sang Dyah Prabu wanodya.
13. Yen ana ratu jim kopar  
ginempur dening Sang Dewi  
mila magrib masrik samya  
sadaya agama suci  
gancarira ing nguni  
sira risang kusumengrum  
putraning Jayengrana  
Jeng Sultan Wiradimurti  
Sayid Ambyah pramugarining ngalaga.
14. Patutanira lan Sang Dyah  
Kusuma Ismayawati  
putrane raja pandhita  
Jeng Sultan Abdul Hasari  
jim paguron sinekti  
ingkang wus sumeren gunung  
ya ta sang prabu rara  
sampun amiyarsa warti  
yen kang rama sowan dhateng ing Madinah.
15. Jeng Nabi murtining jagad  
kinasihan mring Hyang Widhi  
nyalini sagung sarengat  
sang dyah raose kang galih

oneng dhateng sudarmi  
lawan kaping kalihipun  
badhe apuruhita  
salining agama suci  
mring Jeng Nabi Mustapa Safangul Anam.

16. Risedhengira sinewa  
sang maha narendra putri  
pinarak ing singangsana  
Sang Dyah ujwalane wingit  
sinawang langkung pekik  
prathistha busana kakung  
lir widadari swarga  
tumurun mring nusa bumi  
kongas kadya sarining wulan purnama.
17. Dhasar mempeng birahinya  
dhandhang pupuja retrnadi  
arum tingkah pasrangkara  
dedeg pidegsa respati  
sira Sang Prabu Dewi  
tuhu yen kumaraningrum  
tan kena ingupama  
ratune wong ayu luwih  
yen sinawang kadya murca kinedhepna.
18. Menggep aneng dhampar retna  
kasunar witana rukmi  
rebut soroting busana  
lir lintang sayuta ngalih  
kawimbuhan pangliring  
sunaring waja sumunu  
gumyur lir thathit lidhah  
ginarebeg para putri  
sewu samya endah kinembar busana.
19. Upacara aglar tata

ingampil pingidan cethi  
agem sanjata widigdya  
aneng kanan datan tebih  
watakira yen muni  
amedal dahana agung  
kinarya ngobong mengsa  
panah trisula neng kering  
kadigdayanira awarna titiga.

20. Yen ginedheg gandhewanya  
medal jawah dres ngajrihi  
lan saged medal garudha  
pirang-pirang yuta kethi  
lan saged medal angin  
sindhungan angrusak mungsu  
lan malih agemira  
panah ran Ardadhadhali  
kagunane kinan anancang mring mengsa.
21. Neng kering kapareng wuntat  
panah pun Ardadhadhali  
akathah ingkang pusaka  
agem-agemaning jurit  
sarupane den ampil  
aneng kanan kering pungkur  
kinarya upacara  
pinapantes ingkang ngampil  
lawan malih agemira pedhang kangkan.
22. Kaluwihane kang pedhang  
kalamun ingagem jurit  
luputing teguh yuwana  
tansah den agem neng kering  
asongsong tunggul manik  
kadigdayanira lamun  
ingagem ngawang-awang  
aluput ing tulah sarik

kadresana ing jawah dumadi terang.

23. Supenuh ingkang sumewa  
pitung yuta ratuning jim  
ratuning satunggal-tunggal  
wadyanira sewu kethi  
nenggih kang para mantri  
satriya datanpa etung  
para jim warna-warna  
ana ireng ana kuning  
biru seta dadu ijo kapuranta.
24. Wungu atanapi slewah  
belang blorok manca warni  
murub sabusananira  
lir sekar sataman asri  
ebek kang panganiti  
lir robing samodra agung  
ingkang sumiweng ngarsa  
Kyana Patih Asal Asil  
ingkang paman sumiweng kapara kanan.
25. Arining Dewi Ismaya  
asma Raja Sadatsatir  
ngiras ngembani Sang Retna  
ya ta sang narendra putri  
dangu denny tinangkil  
awingit ujwalanipun  
pracihna tyas sungkawa  
dhedhep sagung ingkang nangkil  
Prabu Rara arum wijiling wacana.
26. Dhawuhira mring kang paman  
risang Raja Sadatsatir  
Paman kang mangke manira  
asring nyupena ing latri  
panggih lan Jeng Rama Ji  
nanging tan eca tyasingsun

sasmitaning supena  
inggih ugi tan prayogi  
kaya-kaya badhe wonten karsaning Hyang.

27. Amungkasi aneng donya  
puput wus tumekeng janji  
Sadatsatir nuwun turnya  
sadangunya Nata Dewi  
imbal wacana aris  
tansah angusapi eluh  
sinamun datan kena  
tinenggak ameksa mijil  
alantaran tibeng pipi ingusapan.
28. Konjem sagung kang sumewa  
pita ginupita sami  
Sadatsatir jrih tyas mulat  
ningali Sri Nata Dewi  
wusana matur ririh  
Gusti ing tyas sampun trenyuh  
karya runtaging wadya  
prayoga sinamur Gusti  
Prabu Rara rara ruming ujwalanya.
29. Ngandika malih mring paman  
Paman prakawis agami  
punapa sampun warata  
ing masrik tumekeng magrib  
matur Dyan Sadatsatir  
Gusti angger inggih sampun  
lelembat jim prayangan  
satunggal tan wonten kapir  
Prabu Rara arum wijiling wacana.
30. Lan ingsun oleh pawarta  
Kangmas Muhamad ing Ngarbi  
tuhu sinihan Hyang Sukma

jumeneng niyakeng bumi  
anyalini agami  
mungkasi sarengatipun  
rasane tyas manira  
wus kenyut salin agami  
tur kinarya Nabi Panutup dening Hyang.

31. Malah wartane Jeng Rama  
wus sowan Jeng Nabi Murti  
wus salin agama anyar  
milane dhangan tyas mami  
umatur Sadatsatir  
Gusti kawarti pan estu  
Sang Dyah ndangu mring patya  
sira Patih Asal Asil  
apa padha pangrungumu lawan Paman.
32. Asal Asil matur nembah  
kang warti inggih sayekti  
gusti ramanta Jeng Ambyah  
estu sowan Kangjeng Nabi  
salin sarengat Gusti  
ing mangke sampun misuwur  
Prabu Rara ngandika  
dhasar sun ngrungu pawarti  
kapindhone pangandikane Jeng Eyang.
33. Ingsun asring-asring marak  
nguni mring Jeng Nabi Murti  
juwet pangandikanira  
sun kinen salin agami  
tansah semaya mami  
ajrih ngrumiyini ingsun  
mring Kangjeng Rama Ambyah  
wong anom katemu keri  
wusanane Jeng Rama wus salin srengat.
34. Yen mangkono payo padha

sahadat dipun lampahi  
pan rupane jim sadaya  
prayangan lelembut peri  
dhingin nebut Hyang Widhi  
kapindo nebut Jeng Rasul  
den sampurnaning sarak  
yen sun wus panggih pribadi  
nelasaken tingkah tretibing agama.

35. Ya ta sampun ingundhangan  
sadaya sadate salin  
anebut Jeng Rasullullah  
warata sagung para jim  
sang retna ngandika ris  
Paman manira pan ayun  
marak dhateng Madinah  
puruhita mring Jeng Nabi  
kaping kalih sanget oneng mring Jeng Rama.
36. Kaping tigane tyas ingwang  
asangget dennyu kuwatir  
lami tan panggih sudarma  
pan uwis sadasa warsi  
tan kadya sapuniki  
melang-melange tyasingsun  
umatur ingkang paman  
amba saklangkung suwawi  
Prabu Rara ngandika mring kyana patya.
37. Lah sira pradandanana  
sakancamu aja keri  
para ratu pitung yuta  
sabala ngiringna sami  
mring Madinah nagari  
patih sandika turipun  
saksana luluwaran  
dandan busananing jurit

wus sumekta nya miyos sang Prabu Rara.

38. Wus mungging malige retna  
tumumpang ngamparan rukmi  
apanjang lamun winarna  
wus mesat dhateng wiyati  
saleksa kang para jim  
mangrembat amparan agung  
lumarap kadya kilat  
pirang-pirang punggawa jim  
tanpa petung ajejel neng ngawang-awang.
39. Ganti ingkang kawarnaa  
sira Dyah Patimah dewi  
kalangkung dennyung sungkawa  
kang lagya tinilar jurit  
apan ta wus nem sasi  
tan wonten pawartanipun  
panusule kang raka  
Sang Dyah kalangkung kuwatir  
gerah sanget sarase nggawa duduka.
40. Sang Dyah neng sajroning pura  
lagya ngraosaken jurit  
lawan pra garwa panutan  
kasaru swareng wiyati  
lir udan sinemeni  
pangriking kuda ambarung  
kagyat sang Dyah Patimah  
nanging tyas sampun andugi  
yen kang bibi Prabu Ngajrak ingkang prapta.
41. Anulya saos sugata  
ya ta risang prabu dewi  
gya tedhak saking ngamparan  
Syang Dyah niyup dhateng puri  
wadya tan den lilani

andhereka ruming santun  
sang dyah wus angatngal  
cumlorot saking wiyati  
prapteng ngandhap jujug wijil kang sapisan.

42. Lajeng lumebet ing pura  
kusuma Sang Prabu Dewi  
gepah Dyah Dewi Patimah  
methuk ing latar kang bibi  
anjawat asta sami  
kalih sami onengipun  
tansah ararangkulan  
kakanthen asta lumaris  
kalihira pra samya kumembeng waspa.
43. Alenggah neng dalem pura  
nulya sasalaman aglis  
lan para garwa panutan  
wus tata lenggahan sami  
matur Patimah aris  
ratumas karanta rawuh  
dene esmu wigatya  
mangsuli Sang Prabu Dewi  
prapta amba bok dewi miyarsa warta.
44. Ing mangke eyang paduka  
Jeng Rama Bagendha Amir  
wus ngembul mring Jeng Muhamad  
asalin sarengat sukci  
ambarsa tumut salin  
agamane Kangjeng Rasul  
amba manjing ing tuwan  
paduka guruning estri  
Dyah Patimah ngaturan mulang sahadat.
45. Prabu Rara sampun Islam  
angucap kalimah kalih  
miwah sahadat Patimah

lega tyasira sang dewi  
wusana Prabu Dewi  
panabdanira esmu luh  
de pundi rama tuwan  
lan eyang paduka Amir  
Dyah Patimah ajajarwa esmu waspa.

46. Raka paduka lan Eyang  
wus lami amagut jurit  
methuk yudane Sri Lakat  
lamine sampun nem sasi  
dereng wonten kang warti  
marmamba tansah esmu luh  
witning amba kumedah  
nusul dhateng ing ngajurit  
wantu estri tansah karubedan sinjang.
47. Amba sanes lan Ratumas  
sanadyan paduka estri  
datan kena ing upama  
Sang Prabu Rara nampeni  
pinethit tembung langit  
dhasare Sang Dyah wus dangu  
denira ngampah karsa  
sareng amiyarsa angling  
sigra mesat sang nata dewi lir kilat.
48. Sareng prapta jumantara  
parentah anusul jurit  
Sang Dyah wus munggeng ngamparan  
ginelak denny lumaris  
kebat awor lan angin  
warnanen tindaking Rasul  
wus celak ing Madinah  
andungkap ing tepis wiring  
gya kapethuk Sri Babil lan Raja Kopah.
49. Prituwin pun Ngabduljabar

nguni kang kantun nagari  
panusule mring paprangan  
dherek Gusti Kanjeng Ngali  
nanging datan nututi  
temahan kepapag dlanggung  
apan wus lebar karya  
lajeng dherek mring Sang Aji  
sareng cundhuk mring gusti langkung jrihira.

## 26. DEWI KURAISIN NUSUL DHATENG PAPRANGAN

### DURMA

1. Mundur wendran untaping prajurit Islam  
wong Ngabsah kang muwuhi  
miwah wadya Lakat  
ing mangke malih wewah  
balanya Bagendha Ngali  
Sang Raja Kopah  
miwah Sang Raja Babil.
2. Ngabdul Jabar sawadyanira belabar  
warnanen Prabu Dewi  
kang neng jumantara  
lampahira lir kilat  
gagaman Islam kaeksi  
saking ngawiyat  
niyup Prabu Dewi.
3. Ngadhang-adhang aneng sapinggairing marga  
mungging ngamparan rukmi  
pinrak mlige retna  
wadyanira balabar  
atembak pinggiring margi  
mung Sang Kusuma  
lawan prajurit putri.
4. Kang jim priya mung Ki Patih lan Kang Paman  
aneng ngamparan rukmi  
rong dedeg lan lemah  
rinembat jim saleksa  
nanging tan ana kaeksi  
ingkang katingal  
amung Sang Prabu Dewi.
5. Samalige miwah saupacaranya  
umyang samya kaeksi

retna ting galeyar  
sumawur rebut raras  
kang dadya cucuking baris  
sang Mungawiyah  
wus pirsa yen Sang Dewi.

6. Aniningal aneng satepining marga  
gya parentah mring dasih  
kinen asung kurmat  
ngikut tataning lampah  
Sang Dyah gya ngatag wadya jim  
kinen ngajengna  
malih amparan rukmi.
7. Sareng celak lampahira Mungawiyah  
ngandika Prabu Dewi  
Kakang Mungawiyah  
aneng ngendi Jeng Rama  
adangu datan mangsuli  
sang Mungawiya  
megep aneng turanggi.
8. Awekasan ngecani atur kewala  
Gusti wonten ing wingking  
ramanta Jeng Ambyah  
gya kinen laju tandy  
lumampah sabala kapir  
samya tur hurmat  
selur wadya lumaris.
9. Nulya lampahira sagung para raja  
satriya para mantri  
wuri lampahira  
Ngusman sareng wus mulat  
ngrepa luhuring turanggi  
sang dyah ngandika  
Ngusman Rama neng ngendi.

10. Aturipun anger Jeng Rama paduka  
maksih wonten ing wingking  
wus kinen lumampah  
laju sabalanira  
sabala para narpati  
nulya Jeng Ngumar  
sareng celak Sang Dewi.
11. Tinakonan aturira datan beda  
lajeng sabala ngiring  
lan sagung para nata  
sakabat lan satriya  
prajurit lebet nambungi  
lajeng lampahnya  
dene para titindhuh.
12. Yen dinangu mring Sang Dyah sami aturnya  
gya katingal Jeng Nabi  
Prabu Dara thedhak  
saking ngamparan rukma  
amrepeki Kangjeng Nabi  
Gusti Panutan  
sareng mirsa keng rayi.
13. Tadhak saking turangga angawe sigra  
kendel gunging lumaris  
Jeng Nabi gya lenggah  
Sang Dyah nungkemi pada  
sawusnya lenggah Sang Dewi  
Gusti ngandika  
lah yayi saka ngendi.
14. Dene sira angadhang tepining marga  
umatur Prabu Dewi  
amba sing Madinah  
arsa mapag ing Tuwan  
ngasilken tata agami

apuruhita  
dhateng paduka Nabi.

15. Lawan kangen amba dhumateng Jeng Rama  
sareng kawula prapti  
nagri ing Madinah  
Tuwan lawan Jeng Rama  
kapanggih kesah ajurit  
mila kawula  
nunten nusul mring Nabi.
16. Ing wusana ing mangke kapethuk marga  
sabdanira Jeng Nabi  
yayi sira apa  
kapanggih putranira  
Patimah kang kantun nagri  
Sang Dyah aturnya  
inggih amba kapanggih.
17. Lawan amba sampun winulang sahadat  
de lingira Jeng Nabi  
ya alkamduillah  
sira wus salin srengat  
gya matur Sang Nata Dewi  
Paman paduka  
ing mangke wonten pundi.
18. Kangjeng Nabi aseret wijiling sabda  
yayi wus den timbali  
ing Hyang mring suwarga  
wus pesthi janjinira  
kapareng seda prang sabil  
Sang Dyah duk miyarsa  
ngandikaning Jeng Nabi.

## 27. DEWI KURAISIN SUMAPUT MIRENG INGKANG RAMA SEDA

### ASMARANDANA

1. Lir pinepes galih kingkin  
anjrit anibeng bantala  
dangu kantaka Sang Sinom  
sarwi den jum sri natanya  
Sang Dyah maksih kantaka  
horeg sakabat sadarum  
kendel lampahireng ngarsa.
2. Mustaka jinageng wingit  
Jeng Nabi nya mundhut toya  
tansah sinuryan Sang Sinom  
angres pungun Jeng Muhamad  
kumembeng ingkang waspa  
Sang Retna nulya tinimbul  
tanpa osik Sang Kusuma.
3. Sayid Abubakar Sidik  
anander saking ing wuntat  
Ngumar anulak ge-age  
kubeng ngarsane Panutan  
sami maca itigpar  
sabat sadaya rawat luh  
ana kang banjur karuna.
4. Ati samya lir jinait  
mulat sang prabu wanodya  
tuwin Sadat Satir rajeng  
tuwin Asal Asil patya  
lawan ejin kang ngrembat  
malige kagyat andulu  
mring gustine kapidhara.
5. Purwa sedane Jeng Amir

para jin samya karuna  
pating salenggruk swarane  
Sang Dyah pan maksih kantaka  
sareng wus tri pandurat  
nulya sinebul kang embun  
dhateng Kangjeng Rasulullah.

6. Sang retna anulya nglilir  
maksih anungkemi pada  
sarwi karuna ature  
sasambate melas arsa  
Kakangmas Jeng Panutan  
dene-dene awak ingsun  
tan kongsi panggih Jeng Rama.
7. Wekasan mangke ngemasi  
tega temen Kangjeng Rama  
tilar mring atmaja wadon  
aluwung bektanen ingwang  
tan saged tuwan tilar  
punapa Kangjeng Rasul  
tuwan kakasihing Suksma.
8. Bok inggih tuwan alingi  
sedanipun paman tuwan  
antekna panggih lan ingong  
pegel temen atining wang  
dening tan nyana-nyana  
rama dadya banten pupuh  
seda madyaning ngayuda.
9. Sarwi ngungseb-ungseb wentis  
napase dyah megap-megap  
Nabi lir jinait tyase  
tansah sret wijiling sabda  
mangejum rentenging tyas  
lah wis kendela riningsun  
mengko ingsun awawarta.

10. Gya lenggah Sang Prabu Dewi  
astanira datan pegat  
ngusapi waspa kang tetes  
Jeng Nabi alon ngandika  
dhuh ariningsun nyawa  
bener yayi raganingsun  
kakasihing Maha Mulya.
11. Nanging tan kuwasa mami  
ngalingi ing sedanira  
Jeng Paman aneng palugon  
jer wus prapta janjinira  
balik sukura mring Hyang  
Kangjeng Paman Jayengsatu  
mengko wus aneng suwarga.
12. Nanging purwaning ngemasi  
Jeng Paman kalebu gelar  
piniluwang kapir akeh  
gunane si Jenggi raja  
ratu kapir Ngabesah  
duk myarsa Sang Retna Prabu  
mring sabda Nabi Panutan.
13. Sakala wadana abrit  
madeg suraning wardaya  
mredapa Sang Dyah lenggahe  
nulya matur mring Panutan  
mangke kadya punapa  
pun Jenggi ratuning kupur  
pejah punapa gesang.
14. Ngandika Jeng Gusti Nabi  
si Jenggi mengko tan pejah  
mumbul gegana temahe  
prenahe nora karuwan  
nanging keh wadyanira

kabeh wus biluk maring sun  
manjing ing agama Islam.

15. Yayi Rara ratu kapir  
kang nguwati purwaning prang  
Ngabsah si Jenggi ratune  
karone si Raja Lakat  
nanging Lakat wus kalah  
teluk maring gamaningsun  
mung keri si Jenggi raja.
16. Kang durung biluk mring mami  
lan malih Jenggi warnanya  
kadya anjing susu renteng  
yayah minangsi awaknya  
wulu riwut apanjang  
mukanira kadya asu  
kang rikma jatha agimbal.

## 28. DEWI KURAISIN BADHE MALES UKUM DHATENG RAJA JENGGI

### DURMA

1. Prabu Rara mundur sareng myarseng sabda  
siga mesat lir thathit  
ebat kang tumingal  
Sang Dyah wanter tur ganas  
sembada surá sinekti  
pirang prekara  
darbeya lembah galih.
2. Ingkang ibu Sang Dyah Ismaya kalintang  
lanasira ing galih  
kang rama Jeng Ambyah  
tan kena ingupama  
kagila wantering galih  
satindak pasrah  
nir bayeng tyas lir agni.
3. Daten kenging sinami samining jalma  
tan kenging myarsa warti  
saidak saenyat  
engga tan etang pejah  
ya ta Jeng Murthing Bumi  
sabala mangkat  
genti ingkang winarni.
4. Sadat Satir sarewangira wus mesat  
pirsa gebyaring gusti  
dhateng jumantara  
Nata Dewi sineba  
kang jemparing pirang kethi  
wendran abaran  
jejel aneng wiyati.
5. Angandika wau Sang Prabu wanodly a

eh Paman Sadat Satir  
Rama sampun seda  
aneng jroning piluwang  
iku gekare si Jenggi  
ratu ing Ngabsah  
umatur Sadat Satir.

6. Sapunika pun Jenggi raja ing Ngabsah  
gesang punapa lalis  
Sang Retna ngandika  
paman si Jenggi gesang  
dereng nungkul mring Jeng Nabi  
sekti widigbya  
ing mangke karsa mami.
7. Wus jamake wong nyilih angulihena  
wong utang anyauri  
lamun utang pejah  
yekti anyaur pejah  
utang lara nyaur sakit  
lah nedha paman  
anagih Raja Jenggi.
8. Sadat Satir umatur mring Prabu Rara  
inggih suwawi Gusti  
angantos punapa  
dasih lami tan yuda  
kuwayon ingaben jurit  
salang sinembah  
amba jentolna kardi.
9. Mengsah kapir punapa malih ajriha  
sanajan sami ejim  
tan nate kasoran  
ing mangke petagihan  
alama tan mamah biring  
akramas obat

ngandika Prabu Dewi.

10. Dene mangke paman ing karsa manira  
yen campuh lan si Jenggi  
padha sinembadan  
sagelaring manungsa  
sampun aprang amrih silip  
padha ngatona  
sagunging bala ejim.
11. Sampun rampung pangandikane Sang Retna  
nembang tengara jurit  
gumruh ing ngawiyat  
wadya jim tanpa wilang  
ngawiyat atata baris  
sireng dharatan  
nimbangi mengsa kapir.
12. Nulya tumrun ejim saking ngawang-awang  
lir udan sineneni  
ratu pitung yuta  
miwah sabalanira  
samyia andharat winarni  
nenggih sahasta  
antawis lawan siti.
13. Pirang-pirang jembaring kang ara-ara  
kebekan dening ejim  
gelaring manungsa  
datan kena mempera  
jitus pan asri ingkang jim  
tebih sinama  
lir bumi lawan langit.
14. Untabira sagunging kang wadya bala  
apan aluwih asri  
apan kelampahan  
kadya sekar sataman

yen ta panganggonging ejim  
kelakon uga  
babasan luwih asri.

15. Amepeki warna rupa ngalam donya  
kanggenan dening ejim  
tan kena kawora  
ratu sabalanira  
wadyane sang nata dewi  
amanca warna  
dinulu langkung asri.
16. Kang jim ijo nagarane ing Jantara  
kakasihing narpati  
Raja Salsahgosa  
ijo suwarnanira  
busananya samya wilis  
gagamanira  
ijo tuyek respati.
17. Kang jim kuning nagarane Ngimantara  
kakasihing narpati  
Raja Wijanarka  
kuning suwarnanira  
gagamane sami kuning  
busananira  
sadaya sami kuning.
18. Kang jim abang nagarane Nusantara  
kakasihing narpati  
sang Raja Jaskara  
abang suwarnanira  
gagamane sami abrit  
busananira  
sadaya sami abrit.
19. Kang jim putih nagarane Madyantaka  
kakasihing narpati

Raja Anggaskara  
putih suwarnanira  
busanane sami putih  
gagamanira  
sadaya sami putih.

20. Kang jim ireng nagarane Megantara  
kakasihing narpati  
Raja Manonbawa  
ireng busananira  
gagamane sami langking  
suwarnanira  
sadaya sami langking.
21. Asri tinon jim biru dadu myang rekta  
tempur jajar lan kuning  
jim ireng wor lawan  
jim ijo lan jim pethak  
abra ingkang tata baris  
awarna-warna  
pating karenyep asri.
22. Pan saengga sedhenge sakar sataman  
ingkang nindhihi baris  
papatih ing Ngajrak  
kang dadya cucuking prang  
nenggih Patih Asal Asil  
panganjuring prang  
andelnya nata dewi.
23. Wonten dene senapatine ngayuda  
Rahaden Sadat Satir  
dadya gugunungan  
kang aneng wuri pisan  
kusuma Sang Prabu Dewi  
para wanodya  
kubeng dinulu asri.

24. Aprathistha mungging ing ngamparan rukma  
rinembat dening ejim  
prajurit wanodya  
magersari akapang  
alon lampuhe kang baris  
cara manungsa  
untabe punggawa jim.
25. Kandelira alalampahan sadina  
surem pradangga pati  
dene kasenenan  
ujwalaning busana  
pating galebyar nelahi  
pating karethap  
renyep-renyep nelahi.
26. Enengena wadya jim ingkang lumampah  
kocapa Raja Jenggi  
kang ngayomi bala  
wus kumpul aneng rana  
semedyang antep jurit  
sangsaya kathah  
wadya Ngabsah kang prapti.
27. Miwah para ratu kapir ingkang manca  
kang tebih-tebih prapti  
nusul mring si Ngabsah  
Jenggi sangsaya enggar  
nabdamring suteja patih  
lah pirang bara  
akehe wadya mami.
28. Pan ing nguni kathahe wadya paduka  
pan inggih gangsal biting  
sasisaning pejah  
ing mangke tan kantenan  
tri atus para narpati

bala nyayuta  
trustheng tyas Raja Jenggi.

29. Raja Drustam Duryajid matur anembah  
cipta amba puniki  
sakalangkung cuwa  
mengsa lawan wong Islam  
de amba angantos jurit  
suka lebura  
wonten ngarsaning gusti.
30. Sawab amba nguni wus kalakon wirang  
ginetak ing ngajurit  
dereng kongsi paman  
kacepenge sri Lakat  
biting telas den obongi  
lah paran marma  
denira amalesi.
31. Wus jamake utang isin males wirang  
lamun wong utang pati  
iya naur pejah  
sun nedya nagih wirang  
anagih ing lara pati  
ngrusak Madinah  
mangkat sadina iki.
32. Wus tengara budhal saking jroning wana  
dhedheng rahara baris  
wadya pirang-pirang  
lir erobing samodra  
angebeki wana wukir  
kadya binabat  
kedek keles ing baris.
33. Wus andungkap jajahan nagri Madinah  
wong urut marga tapis  
gegere puyengan

binajak ing wong Ngabsah  
samarga ngobong-obongi  
cucuking lampah  
ningali mengsah prapti.

4. Nulya atur uninga Sang Jenggi Raja  
lampah pinethuk jurit  
sang Jenggi bramatya  
parentah ngantep yuda  
kinen samya anadhahi  
sagelarira  
dhadha trajangen dhingin.

## 29. WADYA NGABSAH CAMPUH KALIYAN WADYA JIM

### PANGKUR

1. Kapungkur ayun-ayunan  
wadya Ngabsah kalawan bala ejim  
tengara umyang gumuruh  
surak mungsuh lan rowang  
kalihira sumedya angantep pupuh  
kang wuri saya ginelak  
kadya grah swaraning jalmi.
2. Wong kapir gawok tumingal  
mring mungsuhyu gagamanira asri  
kang saweneh ana muwus  
wong batur mungsuhi  
sugih-sugih panganggone abra murub  
dene anracak sadaya  
busanane sarya adi.
3. Ing mengko sira kendela  
kanca batur amesthi sira sugih  
kang saweneh ana muwus  
mengko kang ingsun bandhang  
mung jamange kebak isi sotyanipun  
kuluk siji bae ana  
tigang leksa kang pangaji.
4. Kang saweneh ana ngucap  
awasena de mungsuhi luwih  
tan nganggo sanjata ganjur  
towok paris myang panah  
sawiyah anganggo pedhang sadarum  
antarane yen digdaya  
ngandelken pereding kulit.
5. Anauri rowangifa  
nyatur kulit dene kaya babayi

kalah ngidak menang nubruk  
susah apa wong kathah  
awasena ika kang kaya andaru  
mesthi emas kang kinarya  
sara-ara jembarneki.

6. Kang pating kalepyur ika  
tretes inten dene ngeram-erami  
tunggangane ratunipun  
ing mengko yen kebandhang  
sun gawene oleh-oleh iya besuk  
intene sapirang-pirang  
sun gawe gelang babayi.
7. Ting brengok genira ngucap  
inten becik kinarya bendung kali  
mas rara jer dhawuhipun  
saweneh ana ngucap  
inten becik kinarya pista pan udrus  
jumerut baik dimakan  
liyat dhateng itu lagi.
8. Pedhang ting kaleram ika  
pesthi enak dimakan lekas mati  
ana mantri tuwa muwus  
apan kuna-kumuna  
yen wong aprang kakehan kibir pan lampus  
yen ana wong jereh pejah  
becik ingkang ngati-ati.
9. Suteja manreken bala  
Asal Asil anggebel wadya ejim  
kang yuda anulya campuh  
surak lir langit rebah  
pambendronge wong kapir pan ginarudug  
tiba ne mimis lir jawah  
anocog ganjur lan biring.

10. Towok suligi kumrapyak  
kang jemparing tibane lir gurimis  
tan ana kang ngucap takut  
kapir ngidak mangrempak  
anadhahi wadya jim tan ana wiguh  
pangamukira lan pedhang  
tan ana braja nedhasi.
11. Mimin tan ana tumeka  
tinangkisan dening pedhange ejim  
landheyen pinedhang rampung  
wadya jim saya ngrempak  
wadya Ngabsah pangamukira anggeregut  
waos sanjata wus pejah  
caruk pedhang ting carengkling.
12. Weneh ana wor sanjata  
gada bindi tan ana kang nekani  
pinedhangan kathah rampung  
wong kapir kadya yeksa  
nanging datan miyatani pamukipun  
singa winales galasah  
lir pindah babadan pacing.
13. Ejim pinedhang tan kena  
kapir lamun pinedhang tatas gusis  
ana kapir siji muwus  
lah kanca awasena  
mungsuhira pan dudu sabaenipun  
sikile tan ngambah lemah  
sakilan dohe lan siti.
14. Nguni sunngrungu pawarta  
yen ana wong mlaku tan ngambah siti  
iku jim kang anamur  
gumrah rowange ngucap  
kanca layak iku jim rowange pupuh

pinédhéng lir wawayangan  
gya bubar sagunging kapir.

15. Tinututan kathah pejah  
pun Suteja lumayu niba tangi  
gya katur mring Jenggi Prabu  
lamun jim mengahira  
wadya giras pinulih wus bubar larut  
sang Jenggi bramatya sigra  
mangsa sigara nitih esthi.
16. Drustamyajid rowangira  
nunggang gajah anrajang raja kalih  
wadya jim nadhahi gregut  
pangamukira rampak  
Raja Jenggi anggedheg gandhewanipun  
medal dahana wor barat  
nampek dhateng prajurit jim.
17. Saara-ara kebekan  
istijrat wau sang Raja Jenggi  
prajurit jim bubar mawur  
binujung ing dahana  
Asal Asil Sadat Satir wus lumayu  
pulih barise wong kopar  
tengara tinembang malih.
18. Gumrah kang samya sumebar  
Prabu Rara dukanipun tan sipi  
sareng wadyanira larut  
sigra nyandhak trisula  
wus ginedheg gandhewa gya medal jawuh  
lir pendah dhawuhan bedhah  
gumrujug saking wiyati.
19. Wus pejah punang dahana  
sara-ara sirna katiban riris  
wadya jim surak gumuruh

Raja Jenggi bramatya  
kang bramastra ginedheg gandhewanipun  
medal naga pirang-pirang  
tumiba saking wiyat.

20. Naga medal wendran baran  
samya nempuh dhateng prajurit ejim  
puyengan gejer asumyur  
kang anjog saking wiyat  
anibani mring mengsah gubed anembur  
wadya jim agundam-gundam  
Nata Dewi saya runtik.
21. Malih anggedheg gandhewa  
medal peksi garudha sing wiyat  
kethen wendran baran ambyuk  
gengnya kagila-gila  
nganti peteng paprangan singup lir mendhung  
kang naga telas minangsa  
binekta mring ngawiyati.
22. Miris manahe wong kopar  
ratunira atimbangan kasektin  
pinelak tan ana magut  
sira Sang Raja Drustam  
anarajang wadya jim nadhahi gregut  
Raja Drustam pinedhangan  
nanging datan miyatani.
23. Sri Drustam sigra ambalang  
gutuk rante panjang tur pulasani  
binalangaken ing mungsuh  
seket sawidak glasah  
kang para jim kenging sabet rante wau  
kathah samya kapracondhang  
sinabet ing rante wesi.
24. Jim kang samya kapidhara

lamun arsa tinigas musna aglis  
lan manungsa bedanipun  
jim datan kena pejah  
Raja Drustamyajid pan saya mangregut  
pangamuke kadya yaksa  
bubrah tatane wadya jim.

25. Sang Raja Jenggi anunjang  
ngiwat-ngiwut angikal kangkam andik  
wadya jim pinnedhang sumyur  
saweneh burangkangan  
bubar-bubar palayune rebut dhucung  
Raja Jenggi saya krura  
singa dhinupak kuwalik.
26. Pulih malih baris kopar  
sang Suteja angantep dennyu jurit  
tengara umyang gumuruh  
ya ta pra prawireng dyah  
tan anganti parentahira Sang ing Rum  
mangsa samya sikep pedhang  
ngalap-alap sing wiayati.
27. Kadya klana amamangsa  
wadya Ngabsah pinnedhang tigas pancing  
wong kapir bubar lumayu  
saparan sinamberan  
tigas tatas kang bangke sungsun matimbun  
sang Raja Jenggi bramatya  
sigra mesat mring wiayati.
28. Kinarutug ing ngakathah  
pinnedhang nanging datan nedhasi  
singa kang winales sumyur  
kasingsal tibeng lemah  
kang saweneh angrubut Sang Drustum Prabu  
sinamberan saking wiyat

nanging datan miyatani.

29. Katulak ing rante waja  
dhasar teguh risang Drustumduryajid  
sang iblis panjurungipun  
Sri Drustum saya nyelak  
mobat-mabit singa kang kaparak sumyur  
bramantya Sang Prabu Rara  
Sri Drustum dipun lepas.

30. Ardadhadhali srawara  
kenging jajanira nanging tan tistis  
kalemper sakala ambruk  
kebat kang prawireng dyah  
gya tinigas Drustum sirahnya wus lampus  
ya ta kang aneng ngawiyat  
sang Jenggi sura sinekti.

31. Tan tumama dening braja  
awekasan bubar prajurit putri  
nanging ta Sang Jenggi Prabu  
tan wruh mungsu hira dyah  
gya manembur jim kang ngandhap samya sumyur  
Sri Jenggi kinarya lesan  
sing tebihan mring Sang Putri

32. Tansah ingudanan panah  
anerucuk kebek sang Raja Jenggi  
nanging sayekti tan putus  
anjrak aneng busana  
singa ingkang sinambher abubar sumyur  
Sri Jenggi kesisan bala  
saya kewran dennya jurit.

33. Wimbuhan sang Duryajid pejah  
Raja Jenggi nyandhak pamungkas jurit  
gada gengira kalangkung  
mangruruh murtining dyah

saya celak susumbar anguwuh-uwuh  
endi ta tungguling aprang  
payo papagena mami.

34. Miris sagung kang tumingal  
Raja Jenggi teguh timbul sinekti  
bubar sadaya manglulun  
sang Jenggi petak-petak  
ratuning jim yen sira sura pinunjul  
payo prang tandhing lan ingwang  
yen dhasar prajurit luwih.
35. Prabu Dewi sareng myarsa  
sru bramatya talingan lir sinebit  
wadya kinen samya mundur  
mesat saking ngamparan  
sikep kangkam lir thathit panrajangipun  
sang Raja Jenggi trengginas  
mangikal kang punang bindi.
36. Wusira asisiringan  
bruk-tinubruk apan agenti tangkis  
kalih samya wanteripun  
tan ana ngambah lemah  
yen sinawang lir pendah kang peksi tarung  
bidho amungsuh sikatan  
singa tinrajang ngoncati.
37. Gadanya Sang Jenggi Raja  
wrat saleksa gengnya kagiri-giri  
pedhangira Sang Retnengrum  
panjangira sadhepa  
kadya thathit gebyar-gebyar geng sanyantun  
wadya jin kalawan kopar  
kapitenggengen ningali.
38. Gadane Jenggi narendra  
yen kaliwat dhungkar kang punang bumi

dene Sang Murtining Santun  
yen kliwat pamedhangnya  
keclapira medal dahana kumepyur  
dangu-dangu Janggi Raja  
pirsa yen narendra putri.

39. Lawan kengetan pawarta  
Amir Ambyah kang darbe putra ejin  
Raja Jenggi saya sengkut  
indha sarwi angucap  
apa sira putrane Sang Jayengsatru  
ratuning jin kamanungsan  
semune durung akrami.
40. Gandhang-gandhang karya rimang,  
gandes kewes kusuma ratuning jim  
duka saya wimbuh ayu  
liringe anglir kilat  
tanagane akarya gregede kakung  
Sang Jenggi semu lelewa  
ngulat-ngulet denira ngling.
41. Nauri Sang Prabu Rara  
iya ingsun putra Wiradimurti  
anagih ing lara lampus  
mring sira laknat kopar  
Raja Jenggi asuka denira ngguyu  
ayu anom warnanira  
semune durung akrami.
42. Kuninge sawang purnama  
eman-eman babo nglawani jurit  
angur nungkula masingsun  
manawa kadrawan  
mendah dene gegetune atiningsun  
sang dyah duk miyarsa sabda  
ambek tiwikrama runtik.

43. Wengis denira ngandika  
nora talah si anjing laknat kapir  
Jenggi sinabet sumiyut  
kebat dennya malumpat  
tansah indha sinabet-sabet pan luput  
Sri Jenggi gumuyu latah  
gendhuk teka anemeni.
44. Lamun cape astanira  
wusanane ing mangke temah runtik  
manira tan bisa tulung  
luhung gusti kendela  
apuranen wong ayu ing dosaningsun  
Sang Dyah saya tiwikrama  
wadanira lir agni.
45. Kumutuk sariranira  
pan ingantep panrajangnya Sang Dewi  
sinabet sang Jenggi Prabu  
kebranan topong pagas  
pan baledug kebat oncat Jenggi Prabu  
sakalangkung merangira  
gugundhul denira jurit.
46. Bramatyा sigra narajang  
pan ingantep panggadanira Jenggi  
kot buta sareng manempuh  
pedhang pentus lan dhendha  
gada rampung Jenggi malumpat sumiyut  
sakantune ingkang dhendha  
binalangkeh mring Sang Dewi.
47. Tinangkis ing asta kanan  
gada sumyur Jenggi sinabet aglis  
mesat gegana sumiyut  
Sang Dyah nusul lir kilat  
Raja Jenggi umpetan awor lan mendhung  
Sang Dyah pan sampun waspada

sinabet sang Raja Jenggi.

48. Jenggi nya kebat malumpat  
kadya thathit buburon neng wiwayi  
sinabet-sabet pan luput  
pan sami kebatira  
yen sinawang lir lintang beburu lutung  
sang dyah tan betah gandanya  
grana tansah den tutupi.
49. Sri Jenggi telas tobatnya  
saparannya kinuya mring Sang Dewi  
ing langit ngantya sumundhul  
malah ing caritanya  
jagad dipun tarutus pinggiranipun  
kalih sami sektinira  
mung kari sinihan Widhi.
50. Jenggi sektine istijrat  
prabu rara mukjijat kang kasektin  
dhasar wus kagunanipun  
sang dyah jim kamanungsa  
mila barang kasekten tan ana wiguh  
ing ngandhap kang kawarmaa  
bubar sagunge wong kapir.
51. Sakerine ingkang pejah  
bilulungan sareng tinilar gusti  
destun keri rolas ewu  
raja wus kathah pejah  
Sadat Satir perentah mring wadyanipun  
kanca aja ba ngatingal  
iku wus kalah wong kapir.
52. Padha linaran kewala  
poma aja padha sira pateni  
sabab mau apan durung  
ana parentahing Dyah

kang wis uwis gusti luwange yen pupuh  
kapir kalamun wus kalah  
nora nana den pateni.

53. Kinawusena kewala  
dimen ngrasa wekasan gama suci  
jim sigra musna sadarum  
datan ana katingal  
wadya kapir wus ayem ing manahipun  
dene mungsuuhnya wus ilang  
sukeng tyas ngaso pan sami.

### 30. RAJA JENGGI DIPUN BUJENG DHATENG DEWI KURAISIN

#### DURMA

1. Mundur wonten kapir siji ginjal-ginjal  
irung sinumed geni  
mring wadya jim Ngajrak  
rowangnya kapir ngucap  
iki apa wong dalem  
agegebyagan  
ngaku sinuled geni.
2. Nulya wonten jim Ngajrak anyekel kombang  
angentupaken aglis  
mring kanca rowangnya  
ingkang srengen punika  
sumlenget githok ngeneni  
kagyat malumpat  
kang neng wuri ginitik.
3. Kang ginitik males amopor sanjata  
tekak-tinekak untir  
nulya luhurira  
ana gumuyu suka  
arame pating cekikik  
kapir wus nyana  
lamun mungsuhira jim.
4. Samya bubar palayune nunjang-nunjang  
anulya den geproki  
kemadhuh sadaya  
nulya den siram toya  
pan pating krengkeng wong kapir  
saweneh uyap  
tambuh ingkang den ungsi.
5. Rebut paran wong kapir abilulungan

mata tinampeg wedhi  
amerem sadaya  
tan ana weruh marga  
anasak kecanthel eri  
ambijig tunggak  
kupingnya ting saluwir.

6. Kang saweneh angglundhung tumibeng jurang  
kapolrotong kebanting  
jim kang anyalunthang  
wong kapir jinotosan  
tobat-tobat saya nangis  
sagunging kopar  
kinarya dolanan jim.
7. Kang saweneh bengok-bengok sru karuna  
nutuh kancanya sami  
nguni pijer padha  
kibir ing manahira  
tandhingan dipun rasani  
iki dadinya  
padha setengah mati.
8. Kang saweneh nauri sarwi karuna  
lah iki luwih becik  
enak liyan awak  
jer padha kena sibat  
tan oleh brekating kaki  
nguni kang ngucap  
bandhangan ting kacuwis.
9. Kang wusana larane sinangga kathah  
ya ta Suteja patih  
tansah galintingan  
kaku awake nguyap  
saking sanget den madhuhi  
siniram toya  
sinumed dening geni.

10. Pan satengah pejah papatih Suteja  
kocapa ing wiyati  
sira Jenggi Raja  
tansah kinuya-kuya  
nganti dumugi ing masrik  
mahrib kubengan  
playune' Raja Jenggi.
11. Apan tansah sinamber-samber ing pedhang  
sumiyut Raja Jenggi  
jegur ing samodra  
ngungsi dhasaring toya  
Jenggi ciptaning jro ati  
lah iki baya  
tan wignya nusul mami.
12. Pesthi Prabu Raja yen sira kelangan  
nulya prapta Sang Dewi  
gya tinubruk pedhang  
kebat Jenggi malumpat  
saksana ambles ing siti  
Sang Jenggi Raja  
Prabu Rara nututi.
13. Jenggi lagya ngaso Nata Dewi prapta  
Jenggi gya nrutus siti  
dangu beng-ubengan  
neng sajroning pretala  
nulya medal saking siti  
aburangkangan  
niba awor pakathik.
14. Ingkang samya kinemadhuh ing jim kathah  
Sang Jenggi kethip-kethip  
pan sarwi malumah  
wadya jim samya nyurak  
Sang Nata pi-api mati  
Sang Dyah wus prapta

api-api datan wrin.

15. Prabu Rara dangu-dangu saya celak  
bengok lumumpat Jenggi  
ing saparan-paran  
sareng Sang Dyah wus celak  
mriih tutute Raja Jenggi  
saparan-paran  
Prabu Rara mangungsir.
16. Raja Jenggi playune tan ngarah-arah  
anunjang kayu lan ri  
kadya binabidan  
saparane binedhag  
tansah sinabet Sang Jenggi  
dening kang pedhang  
kirang kedhik meh keni.
17. Nulya mesat malih mring ing gagana  
Sang Dyah nulya nututi  
Jenggi ciptanira  
angur ingsun mlayuwa  
angungsi mring Kangjeng Nabi  
sukur yen arsa  
ngukuhi awak mami.
18. Kebangeten Sang Dyah ngluwih Kang Rama  
mendah ajaa estri  
bisa nglebur jagad  
Raja Jenggi binedhag  
pedhang tansah liwat kuping  
aja kebata  
indhane Raja Jenggi.
19. Mesthi lamun tatas griwanira pejah  
playune lonjong mimis  
meh pedhot napasnya  
anaa sajam engkas

**pasthi kacandhak Sang Jenggi  
ngruruh Panutan  
mangap-mangap Sang Jenggi.**

## 31. NYUWUN GESANG DHATENG KANGJENG NABI ASMARADANA

1. Winangen ing brangta kingkin  
nahan Kangjeng Dutaning Hyang  
datan kawarna lampahe  
wus rawuh Nagri Madinah  
dangu dennyu sewaka  
aneng surambi Jeng Rasul  
ngentosi sagunging wadya.
2. Ingkang kantun-kantun sami  
waktu luhur ngantya prapta  
sangandhap asar wancine  
wus pepak sagung sakabat  
satriya para raja  
miwah wadya ingkang kantun  
kang samya rumekseng praja.
3. Andher neng ngarsane Nabi  
miwah wayahnya Jeng Ambyah  
Begendha Sahid wastane  
ing mangke samya sumewa  
Jeng Nabi sareng mulat  
saklangkung ing galih ngungun  
kangen lan kang Paman Ambyah.
4. Samya atur salam sami  
Dhumateng Jeng Nabiyullah  
aprituwin sabat kabeh  
satriya mantri punggawa  
lan sagung para raja  
jawatan asta sadarum  
kang kantun miwah kang prang.
5. Sawusnya wadya atiti  
jengkar Jeng Nabi mring pura

sampun luluwaran kabeh  
amakuwon sowang-sowang  
Jeng Nabi malbeng pura  
Sayid Ngali aneng pungkur  
ndherek ing Jeng Nabiyullah.

6. Warnanan pra garwa nabi  
prituwin Dewi Patimah  
methuk ing wijil Sang Sinom  
sadaya angemu waspa  
Jeng Nabi uluk salam  
mangunggar ing tyas matrenyuh  
rujite wardayeng garwa.
7. Wus pinarak Kangjeng Nabi  
neng sajroning dhatulaya  
ganti-ganti para sinom  
susugun angestu pada  
prituwin Dyah Patimah  
mring rama tansah rinangkul  
kadya mimi lan mintuna.
8. Sami onengira kalih  
jarwa-jinarwa ing tingkah  
solah pangrehing wirangrong  
Sang Dyah sapungkuring rama  
myang panusuling raka  
ingkang jinarwa Jeng Rasul  
saniskaraning ngalaga.
9. Tan ana pangesthi malih  
amung pangesthining brangta  
langen mulangun ing tyase  
Jeng Nabi arum ngandika  
Patimah lah kondura  
Ngali liniring mring Rasul  
pan wus nampeni sasmita.

10. Dyah wus mundur ngarsa nabi  
agepah Ngali Murtala  
manambut Sang Ruming Sinom  
kondur marang dalemira  
ya ta enjing kawarna  
miyos siniwi Jeng Rasul  
aglar kang para sakabat.
11. Prituwin para narpati  
satriya mantri punggawa  
kang lagya Islam anyare  
kapir kang teluk sadaya  
kadya sagara bena  
Sri Lakat sabalanipun  
hebek ing ngarsa balabar.
12. Ajejel para musanib  
lan sagunging para ngulama  
pandhita kaum samyandher  
Jeng Nabi nulya ngandika  
mring sagung para bala  
ing mengko sasedanipun  
Jeng Paman Bagendha Ambyah.
13. Wayahe ingkang gumanti  
si Sahid ingestrenana  
sagung umatingsun kabeh  
saur manuk wadya bala  
matur nuwun sandika  
malih ngandika Jeng Rasul  
dhumateng Sayid Bubakar.
14. Sagunging betakmal sami  
sadaya sira dhudhaha  
weratakna sagunging wong  
ing sakira-kiranira  
saundha usukira  
kang unggul lawan kang tatu

nguni duk aneng ngalaga.

15. Miwah ahline kang sahid  
aja na kang kaliwatan  
Bubakar sandika ture  
wus minta ing kancanira  
bage arta betakmal  
pra sakabat ingkang dundum  
sadaya sami kawratan.
16. Saundha-usuking kardi  
tan ana kang kaliwatan  
gaganjaran sagunging wong  
Jeng Nabi malih ngandika  
dhateng Ngali Murtala  
heh ta Ngali karsaningsun  
sira sun sedhahi karya.
17. Sakeh rabine kang sahit  
sira ingkang rumeksa  
atanapi sanak kabeh  
ingkang ingsun kuwajiban  
sira ingkang rumeksa  
sadurunge darbe kakung  
aja ana kang musakat.
18. Myang sagunging anak yatim  
padha wilangen sadaya  
dadya wajibingsun kabeh  
pan wadya ingkang kabranan  
ingsun ingkang kuwajiban  
sadina sawenginipun  
aja na kang kukurangan.
19. Sajampinira kang titi  
sira ingkang ngawruhana  
gedhe cilik tuwa anom  
ingsun pitaya mring sira

ywa kongsi kukurangan  
apan wus wajibing ratu  
rumeksa sagunging wadya.

20. Nyegati susah prihatin  
angawruhi wong musakat  
Ngali sandika ature  
ya warnarten rabinira  
kang sami sabilullah  
miwah lan saahlinipun  
marak dhumateng Panutan.
21. Sujud neng ngarsaning Nabi  
pan samya sukur ing Suksma  
mila legaweng atine  
umyang samya ingestrenan  
genti-genti wong prapta  
wiwit enjing nganti luhur  
aselur tan mawi pegat.
22. Somah ahline kang sahid  
ya ta sawusira telas  
para ngulama sakehe  
pandhita mantri satriya  
kang datan tumut yuda  
gya salat gaib sadarum  
wonten ngarsaning Panutan.
23. Adangu Jeng Nabi Murti  
sinewa sagunging wadya  
samya musthi ganjarane  
umat ingkang sabillullah  
praptane ing ngakerat  
sinambi mulang pra ratu  
ingkang lagya Islam anjar.
24. Kasaru praptaning Jenggi  
anjog saking ing ngawiyat

tan ngarah-ngarah tibane  
gumebruk lajeng berangkang  
sujud ngarsa Panutan  
gya ingangkat sirahipun  
lajeng anungkemi kisma.

25. Nuwun sih apura Nabi  
nyaosaken pejah gesang  
nulya ngaturken tobate  
anuwun sinelamena  
manut agama Tuwan  
tinetepra iman ulun  
mugi tuwan ngapuraa.
26. Kagyat jenger kang ningali  
mring warna kang lagya prapta  
kadya sona susurenteng  
wulune dhiwut apanjang  
beda lawan wong kathah  
lan netranira sumurup  
maksih gundhulan kewala.
27. Kamitenggengen ningali  
para sakabat sadaya  
Bagenda Ngali ataken  
dhumateng Sang Raja Lakat  
Sang Nata iku sapa  
Sang Raja Lakat umatur  
mring Ngali sarwi wot sekar.
28. Inggih punika pun Jenggi  
kang nyedani Paman tuwan  
miwah kang belah jajane  
inggih pun Jenggi punika  
miwah kang karya luwang  
utawi rencanging pupuh  
inggih pun raja Ngabesah.

29. Angandika Kangjeng Nabi  
dhateng Sayid Abubakar  
nguni duk aneng palugon  
ingsun katekan kongkonan  
jalma kapir ing Lakat  
ya si Jenggi aranipun  
ingsun katemu priyangga.
30. Tambuh kang ingsun gugoni  
kang aran si Jenggi iya  
ora mengkono warnane  
sumambung Sang Raja Lakat  
sanies Gusti punika  
wonten dene kang rumuhun  
pun Jenggi wong hulubalang.
31. Sampun pejah ing ngajurit  
Jenggi kang marek ing tuwan  
punika pun Jenggi katong  
ratu agung ing Ngabesah  
Jeng Nabi aris nabda  
iya sira duk rumuhun  
nyedani Paman Ambyah.
32. Gya lenggah matur sang Jenggi  
dhuu Gusti Panutan amba  
pan inggih kawula yektos  
kang nyedani Paman tuwan  
wonten dene sang nata  
ing Lakat boten angaku  
angumbeni dhateng tuwan.
33. Tan ngaken tumut mejahi  
dhumateng ing Paman tuwan  
tur punika sajatine  
pan inggih rencang kawula  
nyedani paman tuwan  
anggoroh jenenging prabu

nekakken jaman sengsara.

34. Angandika Kangjeng Nabi  
dhumateng Sang raja Lakat  
dora aturmudadine  
ing nguni rumesik sira  
wusana padha ala  
Sang Raja Lakat sumaur  
pun Raja Jenggi kang dora.
35. Amawi ngembet mring mami  
mejah-mejahi priyangga  
angawoni wonten mring ngong  
sumambung Sang Raja Ngabsah  
kakang prabu wus tita  
dhasar lunyu ilatipun  
nora kena ingugeman.
36. Raja Lakat tan mangsuli  
ajrih tumungkul kewala  
gunging wong gumuyu kabeh  
ningali Jenggi lan Lakat  
padudon wonten ngarsa  
tur ta padha rembugipun  
dhumateng Sang Jenggi Raja.
37. Inggih kawula pribadi  
ingkang ngakeni punika  
lah punika ukumane  
reh mejahi Paman tuwan  
apan amba sumangga  
dhateng lampah ingkang kukum  
sakarsa-karsa sandika.
38. Kawula boten gumingsir  
milamba marek ing tuwan  
inggih punika wiyo se  
sanadyan amba pejaha

nuwun Agama Islam  
lan tobat kawula katur  
Gusti dhumateng ing tuwan.

39. Dene amba anyedani  
dhumateng ing Paman tuwan  
Jeng Nabi ngandika alon  
iya bener aturira  
lah Jenggi sun tarima  
tobatira marang ingsun  
muga-muga tinarima.
40. Dening Hyang Kang Maha Suci  
yen kang temen-temen uga  
nora nulak tobating wong  
dosa keh kawula Allah  
kang murah sipat rahman  
lawan kang sipat usaru  
ing donya tekeng ngakerat.
41. Lan ingsun takon sayekti  
paran karanira prapta  
tur kasusu sapolah  
anjog saking ngawang-awang  
tan nganggo ngarah-arah  
ambeganmu rebut dhucung  
iku apa purwanira.
42. Umatur Sang Raja Jenggi  
kang rumiyin nedya Islam  
wiyose ingkang kapindho  
kawula kinuya-kuya  
dhateng Sang Prabu Rara  
dereng lega manahipun  
yen dereng pejah kawula.
43. Amba ambles jroning bumi  
tansah binedhag kewala

dhumateng Sang Prabu Sinom  
amba manukmeng samodra  
inggih maksih kinuya  
amba mring ngakasa mumbul  
maksih ingusir kewala.

44. Dhapur kawula angungsi  
mila umarek ing tuwan  
saking jrih ulun yektose  
dhumateng Sang Prabu Rara  
tan wande pinejahań  
amung paduka pukulun  
kang sayoga nanggulanga.
45. Pejah gesangipun dasih  
atas wonten ngarsa tuwan  
Jeng Nabi ngandika alon  
ya Jenggi dipun precaya  
ingsun kang ngukuhana  
lawan karsaning Hyang Agung  
kaya nora prapteng pejah.
46. Pan sanadyan Yayi Dewi  
njaluk pati uripira  
yen dhasar nanggulang ing ngong  
lah mangsa waniya maksa  
lah iya ngendi ana  
nerak pituturing guru  
yen Yayi Dewi meksaa.

## 32. UKUMANIPUN RAJA LAKAT KALIYAN RAJA JENGGI

### SINOM

1. Mumpung nom sira Islama  
anebut kalimah kalih  
Sang Jenggi matur sandika  
nulya mulang Kangjeng Nabi  
miturut Raja Jenggi  
ya ta Jenggi Islam sampun  
lega ing manahira  
rumangsa yen darbe urip  
nulya mundur wus awor Sang Raja Lakat.
2. Pan kasaru praptanira  
sira Risang Prabu Dewi  
anjog saking jumantara  
wus cundhuk ngarsaning Nabi  
jawat asta ngabekti  
kagyat sagung kang andulu  
Sang Dyah sapraptanira  
aneng ngarsaning Jeng Nabi  
sarengira Sang Retna serenging duka.
3. Sang Jenggi sareng tumingal  
biyas datan darbe getih  
ngungsi wurining Panutan  
Sang Jenggi denira linggih  
kadya konjeming siti  
sang Jenggi denny tumungkul  
gumeter manah maras  
tan rumangsa darbe urip  
saking jrihnya dhumateng Sang Prabu Rara.
4. Wus mirsa Jeng Nabi yullah  
yen kang rayi maksih runtik  
jaja bang awinga-winga

kumedut padoning lathi  
ningali Raja Jenggi  
Sang Dyah jajanya lir murub  
matur mring Nabi yullah  
satembungira wor runtik  
kadi pundi amba umatur ing tuwan.

5. Ing mangke kawula tedha  
pejah gesangipun Jenggi  
sabab mejahi Jeng Rama  
ing mangke kawula tagih  
lamun wong utang pati  
ukumipun inggih lampus  
Kangjeng Nabi ngandika  
beneh prakarane yayi  
yen wong aprang metu teka paguneman.
6. Sanadyan dosaa pejah  
ing mengko sira si Raja Jenggi  
wus manjing Agama Islam  
yayi sira kurang luwih  
sereng amburu lahir  
datan ngeman batinipun  
basa wong sabilullah  
yayi utamaning pati  
apan gedhe-gedhene nugrahaning Hyang.
7. Yen ahline sukur suka  
kang nglakoni mati sabil  
pan luhur kamuyanira  
yayi ing sajroning pati  
tetep neng suwargadi  
tanpa kira-kiranipun  
tan susah nganti umat  
sirnaning bumi lan langit  
sareng pecating nyawa manjing suwarga.
8. Pati tan lantaraning prang

alawas ana ing margi  
anganti bakdaling kisab  
denira manjing suwargi  
iku lamun wong Mukmin  
wong kapir datan kaetung  
metu sing wiwilangan  
upama wedhi karikil  
luwih mulya ganjarane sabilullah.

9. Yayi mituruta ingwang  
becik narimaa yayi  
pan wus pesthine Jeng Paman  
kapareng yen seda sabil  
janjine tan gumingsir  
tur dadi karenanipun  
panjang cendhaking yuswa  
wus pinasthi ing Hyang Widhi  
tanpa gawe anglabuhi sabilullah.
10. Dhasar wus rawuh ing ajal  
wis pupusen Yayi Dewi  
ing saduka-dukanira  
yayi dhumateng Sang Jenggi  
ingsun kang nanggulangi  
Jenggi pati uripipun  
Sang Dyah kadya ingunggar  
bramatyanira tan sipi  
sigra ngadeg pan sarwi anjrit Sang Retna.
11. Trangginas anarik pedhang  
Retna Dewi Kuraisin  
Jenggi duk arsa pinedhang  
gumejeng nabi ngejepi  
dhateng Bagendha Ngali  
nulya cinandhak Sang Ayu  
baunira kang kiwa  
pedhang rinebut wus kenging

gya binucal pedhange Sang Prabu Rara.

12. Nekakaken kurdanira  
ambeg sarosa Sang Dewi  
suku ambles ing pratala  
saking rosane Sang Dewi  
digdayanira Ngali  
tan owah denira lungguh  
nadyan sami digdaya  
Ngali lan Sang Prabu Dewi  
keri kakung yekti kawan kang wanodya.
13. Bahu anglir baledhosa  
telas rosane Sang Dewi  
salira kadi kancana  
temahan angemu getih  
saking sangeting runtik  
kaungkulon rosanipun  
sadhekung ambles kisma  
sukunira Prabu Dewi  
kang sewaka pan samya gawok sadaya.
14. Sang Jenggi ngalih panggonan  
nrajang rowangira linggih  
tanapi Sang Raja Lakat  
aneng wurine Jeng Ngali  
sanget dennyu kuwatir  
angalih denira lungguh  
ampingan Sayid Ngumar  
Ngumar kagyat sarwi nolih  
esmu runtik sarwi nyikut Raja Lakat.
15. Nyentak Sri Lakat gya kesah  
gya aling-alingan tebih  
raja kapir Islam anyar  
manahé samya kuwatir  
miwah Sang Raja Jenggi  
saya giris manahipun

ya ta Jeng Nabiyullah  
pan esmu mesem ing galih  
duk andulu Sang Dyah lan Ngali Murtala.

16. Tujune Ngali Murtala  
kang nyembadani Sang Dewi  
wekasan sang dyah aniba  
asasambat awor tangis  
tan kayaa Jeng Nabi  
rama datan oleh kukum  
Jeng Nabi kaniaya  
Jenggi nora den pateni  
angur baya ingsun den belakna pisan.
17. Gya tedhak Jeng Nabiyullah  
mangimur-imur kang rayi  
wus mundur Ngali Murtala  
angandika Kangjeng Nabi  
lah Yayi aja nangis  
rungokna timbalaningsun  
lah mara tumengaa  
Yayi marang ing wiyat  
Prabu Rara wus kendel denny karuna.
18. Nulya tumenga ngawiyat  
Sang Dyah nulya ningali  
dhateng ing sudarmanira  
Jeng Ambyah aneng suwargi  
lenggah malige rukmi  
sinung rahmat ing Hyang Agung  
apan sarya ingayap  
mring sagunging widadari  
gya tumungkul Sang Dyah asukur ing Suksma.
19. Kang rama angsal nugraha  
ganjaranira prang sabil  
ngandika Jeng Nabiyullah  
apa kang katingal Yayi

Sang Dyah matur wotsari  
saniskara sampun katur  
suka gunging miyarsa  
myang sakadangira Amir  
kang sumewa samya karenan sadaya.

20. Siga Jabarail prapta  
ngemban timbalaning Widhi  
eh Muhamad karsaning Hyang  
ing mangke karsaning Widhi  
tuwan kinen ngukumi  
umat kang mungkir ing Rasul  
nenggih Sang Raja Lakat  
kalawan sang Raja Jenggi  
dene sami mejahi prajuriting Hyang.
21. Kang anama Amir Ambyah  
kukum tuwan kados pundi  
amba kinen amariksa  
kukume Lakat myang Jenggi  
ngandika Kangjeng Nabi  
lah ta pawong sanak ingsun  
amba datan kuwasa  
angukum Lakat lan Jenggi  
langkung-langkung karsaning Kang Maha Mulya.
22. Kawula dhateng sumangga  
sakarsa darmi nglampahi  
ing sakukum-kukuming Hyang  
Jabarail amangsuli  
timbalaning Hyang Widhi  
tuwan pinasrahan ngukum  
sakukum-kukum tuwan  
Allah inggih amarengi  
sapantese lan kandel tipising dosa.
23. Mangsuli Nabi Muhamad  
sakarsa amba nglampahi

ing sakukum-kukumira  
makaten pamanggih mami  
ukume Lakat Jenggi  
nenggih punika cinukur  
miwah tinobatena  
kinen netepi ngabekti  
siyang dalu jangkep kawan dasa dina.

24. Lawan angatura bala  
ing salaminira urip  
siyang dalu sampun pegat  
ngabektiya ing Hyang Widhi  
lan nglampahana malih  
salat tangat miwah tahjud  
Raja Lakat tan beda  
punapa dene pun Jenggi  
sabalane awiwita sapunika.
25. Lan malihipun katura  
tobatipun Raja Jenggi  
tanapi pun Raja Lakat  
sanget tinarima sami  
mring Hyang Kang Maha Suci  
miwah ing sabalanipun  
tobatipun punika  
katura ing Hyang Linuwih  
yen tan kangge ing kukum kula punika.
26. Punapa sakarsaning Hyang  
amba dhateng anglampahi  
yen tan angsal pangapura  
sanadyan tumekeng pati  
aturipun pun Jenggi  
nanging Islam rumuhun  
Raja Lakat tan beda  
lir ature Raja Jenggi  
sadayane amba sumangga ing Suksma.

27. Sigra Jabarail mesat  
umatur mring Maha Suci  
ing sasaniskaranira  
pangandikaning Hyang Widhi  
iku luwih prayogi  
Muhamad saukumipun  
ngapura mring kang dosa  
tur tinuduhken agami  
dhawuhena mring kakasih sun Muhamad.
28. Denny karya paukuman  
sadaya ingsun marengi  
Jabarail sigra mentar  
wus cundhuk ngarsa Jeng Nabi  
asung salam sarya ngling  
Muhamad atur tuwan wus  
tinarima ing Suksma  
ukum tuwan den ideni  
Malaekat Jabarail sigra muksa.
29. Kangjeng Nabi sukur ing Hyang  
sakarsa wus den ideni  
saksana nulya ngandika  
dhateng Abubakar Sidik  
Ngumar Ngusman lan Ngali  
Raja Jenggi kinen nyukur  
miwah Sang Raja Lakat  
sabalane para aji  
kang sinungan sabda umatur sandika.
30. Ya ta sampun kalampahan  
Raja Lakat Raja Jenggi  
cinukur gundhul sadaya  
miwah sawadyane sami  
sasampunira Nabi  
ngandika dhateng Sang Ayu  
Prabu Rara Ngajerak

eh Yayi sing karsa mami  
ing saiki Yayi nuli akramaa.

31. Titimbanganing dumadya  
pan wus dadya wajibneki  
wanita datan prayoga  
Sadat Satir matur ririh  
sakarsane Jeng Nabi  
gusti prayogi tinurut  
sampun akarya cuwa  
adamel kagoling galih  
tan prayogi lenggana dhateng Panutan.
32. Sang dyah angawrat titingal  
dhateng Raja Sadat Satir  
malih ngandika Jeng Nabya  
lah kapriye Yayi Dewi  
pun kakang tuduh becik  
yayi prayoga tinurut  
sira tan duwe bapa  
laik kang dadya gegenti  
lawan apa becike wong tanpa krama.

### **33. DEWI KURAISIN DHAUP KALIYAN BAGENDHA NGALI MIJIL**

1. Ya ta Sang Dyah aturna kawijil  
nguni praptaning ngong  
arsa panggih lan rama wiyose  
myang pruhita dhateng Kangjeng Nabi  
nyalini agami  
ngasilaken ngelmu.
2. Pan temahan mangke kinen krami  
ajrih eyang ingong  
Sultan Ngabdul Sapari pan dereng  
angideni dhumateng ing mami  
ngandika Jeng Nabi  
adhuh ariningsun.
3. Nadyan durung Jeng Eyang Sapari  
ngideni rining ngong  
yekti sang pandhita pandongane  
sukur sewu apa tuduh mami  
balik den pasrahi  
karsaning Hyang Agung.
4. Nora kena kinarya ing jalmi  
jodho sapatemon  
wus pinesthi dening Hyang dadine  
sartaningsun angideni yayi  
nadyan sira nguni  
tan darbe cipta yun.
5. Wajib sira miturut mring mami  
adhuh arining ngong  
wong ngaurip pan wus ing jamake  
samyu nambut titahing akrami  
alaki lan rabi  
mrih utameng tuwuh.

6. Angiseni jagading Hyang Widhi  
manungsaning Manon  
durung weruh marang ing rupane  
lamun durung nglakoni sisiwi  
tan rumangsa yayi  
angaken wong sepuh.
7. Ing sudarma mring atmaja Yayi  
tan katimbang batos  
nadyan angakua males sihe  
estu mituhu marang sudarmi  
maksih lamis yayi  
kalamun ta durung.
8. Anglakoni puputra pribadi  
nora bisa bobot  
kang atmaja mangka paesane  
tresnaning paman mring sira Yayi  
lan ana njenengi  
urip datan tuwuh.
9. Donya kerat sayekti pinanggih  
kang dununging endon  
nora ana kang asih dheweke  
pan kajaba putranta pribadi  
kang bisa tulung sih  
ing ngakeratipun.
10. Nadyan ana krana donya Yayi  
beneh anggeping wong  
ingkang ndulu lan wajibe dhewe  
malah mandi saungkuring pati  
ana kang mamuri  
myarjanani sepuh.
11. Apan ana wirayate Yayi  
sapa wong kang anon  
ing awake wruh ing Pangerane

sapa awas ingsun mata iki  
wruh awake Yayi  
iku mring hakipun.

12. Pamekira ing rupa sajati  
karo pujwaning ngong  
akyah sabitah ing tretibe  
wadhagira pasmon ingkang siwi  
den tenanjul tarki  
rasa pangglungipun.
13. Sang Dyah Retna tan mangsuli angling  
tansah esmu mogok  
Kangjeng Nabi aris angandika  
lah galihen Yayi kang sayekti  
wong tan arsa krami  
dadi nyupet tuwuh.
14. Nora arsa tejaning nagari  
nyuda ing krahayon  
dhasar sira Yayi wus mangsane  
among putra mrih ayuning bumi  
matur Prabu Dewi  
pan sarwi tumungkul.
15. Mila amba tan purun akrami  
taksih remen momong  
ing sarira tambuh benjang tembe  
sapunika atur pati urip  
ngandika Jeng Nabi  
adhuuh ariningsun.
16. Dene banget lenggana mas Yayi  
tan miturut mring ngong  
basa krama patitimbangane  
yekti tan kena binestu Yayi  
leta sagara di  
yen wus ajalipun.

17. Nadyan jodho ya mangkono yayi  
pinasthi Hyang Manon  
nora bakal temu wekasane  
nora bakal karsaning Hyang Widhi  
ingsun lan sira ri  
pan darma lumaku.
18. Sang Dyah tumungkul konjem tan angling  
rineksa karongron  
Kangjeng Nabi sinawung kartane  
sinawang-sawang sang dyah kang liring  
wusana rum manis  
pangandikanipun.
19. Yayi sira aja kladuk tampi  
manira tatakon  
tanpa ri peksa nging sabenere  
beneh ingkang sunsabdaken malih  
mungguh ing bab tokit  
iya marang ingsun
20. Reh manganggep sudara mring Nabi  
utusaning Manon  
paran baya yayi pamanggihe  
wijiling sabda asrana manis  
ya ta Sang Sudewi  
ing galih kumepyur.
21. Sang Dyah mangunandika ing galih  
Jeng Dutaning Manon  
sun watara pan dadi dukane  
luputa nggon sun mangsuli deling  
malih Kangjeng Nabi  
angandika arum.
22. Ingsun sira rengkuh apa Yayi  
matur sang lir sinom  
guru gusti donya ngakerate

lah amba rengkuh sudarma yakti  
ngandika Jeng Nabi  
luwih bener iku.

23. Dene ingsun pakramaken Yayi  
lenggana ing pako  
lah ta paran kang dadya wadine  
yayi matura ingkang sayekti  
matur Prabu Dewi  
marmamba tan purun.
24. Nguni kudanganira Rama Mir  
ywa krama naking ngong  
yen tan angsal wong kang wrat tandhinge  
prajurite Hyang Widigbya Sakti  
lalananging bumi  
pra kuswa ber putus.
25. Kang ngungkuli Jeng Rama suwargi  
suraning palugon  
kang sambada pupug kasaktene  
myang kang wignya ngawonaken mami  
bek sarosa budi  
punika amba yun.
26. Ya ta mesem ngandika Jeng Nabi  
myarsa turing sinom  
Sayid Ngali nya liniring age  
pinethit ujwala amarnani  
tumungkul Jeng Ngali  
ing galihnya sengkut.
27. Kangjeng Nabi nabda mring Sang Dewi  
adhuh arining ngong  
mila ingsun meksa mring dheweke  
ingsun duwe prajuriting Widhi  
digdaya sinekti  
lalananging pupuh. •

28. Yekti ngungkuli Jeng Paman Amir  
digbyane palugon  
yen mungsuha emas upamane  
kacek sunar mapan luhur iki  
wade suñ sayekti  
sudigbya gul anung.
29. Tur ta Yayi wangsamu pribadi  
nora kapalang doh  
Prabu Rara aririh ature  
yen tan geseh lan sabda Jeng Nabi  
inggih sun lampahi  
sakarsa pukulun.
30. Sapunika kula ang lampahi  
Jeng Nabi lingnya lon  
pan sayekti adoh panggonane  
gampang Yayi yen wus putus janji  
Sang Dyah wrating liring  
pan sarwi tumungkul.
31. Sadat Satir umatur ing wuri  
Gusti Sang lir Sinom  
yogi sumangga pasrah nak angger  
raka paduka Jeng Nabi Murti  
mangsa amrih sisip  
pasthi kenging den nut.
32. Sang dyah bekos sabdanya wor runtik  
maksa-maksa mring wong  
bok iya ingambil mantu dhewe  
kagungane wade Kangjeng Nabi  
apa gampang mami  
yen ta durung weruh.
33. Kangjeng Nabi mesem jroning galih  
wusana nabda lon  
babø apa arsa wruh warnane

iya bakal pacanganmu Yayi  
Sang Dyah matur inggih  
ngandika Jeng Rasul.

34. Iku ingkang neng wurimu Yayi  
gya noleh Sang Sinom  
pan kumepyur Sang Dyah wadanane  
teka ngraos panujuning galih  
Jeng Ngali ningali  
pagutung pandulu.
35. Kadya kilat andarung lan thathit  
Sang Murtala kepon  
akeh rongeh solah sarirane  
malang gepuk denira ningali  
sakedhap Sang Dewi  
tumungkul matrenyuh.
36. Kangjeng Nabi angandika aris  
aduhu arining ngong  
aywa nganggo galih wedakane  
wus pinasthi Hyang Kang Maha Suci  
sira krama Yayi  
tur padha sadulur.
37. Wus kawilang utamaning krami  
patemoning kang wong  
padha sanak pan tretip wadine  
umatura mrih leganing ati  
lah cacaden Yayi  
lamun durung pethuk.
38. Prabu Rara umatur mring Nabi  
pan sumangga ingong  
wangslul namung putra tuwan dhewe  
Nimbok Dewi Patimah prayogi  
tinantun rumiyin  
manawi tan sarju.

39. Wusanamba ajrih anglampahi  
Jeng Nabi lingnya lon  
Ni Patimah yekti gampang bae  
ungkurena katemu ing wuri  
ingkang nanggung mami  
lamun nora pethuk.
40. Matur inggih sira Prabu Dewi  
tumungkul tan anon  
Kangjeng Nabi arum timbalane  
lah ta sira kapriye Ki Ngali  
apa anglakoni  
ing pituturingsun.
41. Ngali matur sandika mring Nabi  
sakarsa tan mogok  
nadyan gebyar samodra genine  
lamun dados karsane Jeng Nabi  
amba mung nglampahi  
namung sapituduh.
42. Kangjeng Nabi mesem sarwi liring  
Ngali mangrepa nor  
kang miyarsa langkung suka kabeh  
langkung jumurung mring Sayid Ngali  
panggih lan kang rayi  
jeng murtining santun.
43. Pra sakabat angartikeng galih  
iya mangsa borong  
Kangjeng Nabi Mustapa karsane  
saking tan saged mangsuli kang sih  
iya Sayid Ngali  
ngentasi prang pupuh.
44. Kang kinarya margane ing nguni  
pitulunging Manon  
Sayid Ngali ing mungsuh sirnane

miwah Jeng Nabi marang kang rayi  
Sang Dyah Prabu Dewi  
ngentasi prang pupuh.

45. Lan rumaos tresna mring Jeng Amir  
mila Sang lir Sinom  
dhinaupken lan Ngali wiyo  
minangka ganjaraning sang kalih  
margane Sang Jenggi  
Lakat nungkulipun.
46. Dene Ngali lan Sang Prabu Dewi  
Jeng Nabi angraos  
ginanjara apa ganjarane  
arta mas sotya wus andarbeni  
ginanjara nagri  
kalihnya wus mengku.
47. Sidhang liring karsanya Jeng Nabi  
tur padha keraos  
Sayid Ngali wus kamantu dhewe  
suprandene kinramaken malih  
lan Sang Prabu Dewi  
pratandha tyas unggul.
48. Angandika Jeng Murtining Bumi  
mring Bubakar alon  
Ngumar Ngusman Jeng Nabi dhawuhe  
iya ingsun ingkang dadi wali  
kang ningkahken mami  
angiras pangulu.
49. Matur sandika samya ngestreni  
tri sakabat kang wong  
ya ta sampun rampung paningkahe  
Ngali dhaup lan Sang Prabu Dewi  
suka sagung dasih  
tyas sami jumurung.

50. Ya ta matur alon Prabu Dewi  
mring Dutaning Manon  
apan amba anuwun wiyo  
masanggrahan jumantara kami  
ngayomi wadya jin  
reh mentas prang pupuh.
51. Ngali myarsa angliring ing gusti  
matur ing pasemon  
Kangjeng Nabi waspada ciptane  
Ngali ujwala matur ing gusti  
ngandika rum manis  
Jeng Bagendha Raslul.
52. Angandika mring Sang Prabu Dewi  
adhuh arining ngong  
aywa sira mesat age-age  
becik kondura mring pura dhingin  
wajibe akrami  
sarate katemu.
53. Lawan yayi wus naluri nguni  
pra Nabi kang kaot  
ramanira duk nguni panggihe  
lawan ibunira Kangjeng Bibi  
iya nganggo panggih  
prayogi tiniru.
54. Ngrengganana ing kadhaton mami  
yogya apatemon  
Sang Dyah ngregak ngawrati liringe  
gupuh ngandika wau Jeng Nabi  
ya ingsun lilani  
gagana riningsun.
55. Nanging sesuk sira Yayi Dewi  
manjinga kadhaton  
Sang Dyah aris sandika ature

nulya kondur sing ngarsa Jeng Nabi  
mesat mring wiyati  
lir thathit dinulu.

56. Miwah Sadat Satir Asal Asil  
nggagana tan katon  
keri mangu Sayid Ngali tyase  
sakedhap mangu marang wiyati  
sakala wiyadi  
paraning pandulu.
57. Wus luwaran wau Kangjeng Nabi  
lumebeng kadhaton  
kang sewaka wus bubaran kabeh  
kawarnaa tindaknya Jeng Nabi  
wus prapta jro puri  
pinethuk para rum.

## 34. TANGKEPIPUN DEWI PATIMAH DHATENG MARU

### KINANTHI

1. Kinanthi pinrak kedhatun  
ingayap pra prameswari  
miwah Dyah Dewi Patimah  
aneng ngarsane Jeng Nabi  
arum sabdaning Penutan  
adhuu putraningsun nini.
2. Apan ta mengko lakimu  
ingsun kramakaken gusti  
apan wus takdiring Suksma  
sira mamaru lan bibi  
jodho upamane ngajal  
tan kena owah lan gingsir.
3. Nadyan let sagara gunung  
iya tan wurung kapanggih  
sang dyah umatur ing rama  
sinten maru amba Nabi  
ingkang rama angandika  
bibe kira Kuraisin.
4. Babo ywa dadi atimu  
den nrima titahing Widhi  
sang dyah ayu aturira  
sumangga karsaning Nabi  
sampun dununging wanodya  
suwita dhumateng laki.
5. Cipta amba sukur sewu  
tan darbe grantes ing kapti  
tuwan panutaning priya  
sasanga garwa Jeng Nabi  
amba tan rumekang karsa  
purba punapa pawestri.

6. Ngandika Jeng Gusti Rasul  
bener aturira nini  
iku dununging wanodya  
sukur rena ing sakalir  
sapangreh sumiweng karsa  
nrima satitahing Widhi.
7. Nadyan ngakena linuhung  
wanodya bekti ing laki  
yen durung maru titiga  
sakawan lan slira nini  
durung kawilang utama  
maksih lamis-lamis lathi.
8. Nora trus ngakeratipun  
kurang kaswarganing Widhi  
nadyan sira putraning wang  
kocap guruning pawestri  
nugrahanira Hyang Suksma  
mijil teka Kaki Ngali.
9. Yekti winengku ing kakung  
sapa mulyaning pawestri  
yekti amanut kewala  
ing donya tumekeng akhir  
marma wajibing akrama  
kudu milih kakung becik.
10. Ing sadereng-derengipun  
iku kang dipun kawruhi  
apes jenenging wanodya  
duraka mulya neng laki  
melu anyandhang kewala  
rabi tan kena gumingsir.
11. Sanadyan kaswarganipun  
ngaub kaswarganing laki  
siksane samono uga

melu anglabuhi laki  
mila estri kang utama  
kamulyan kang den ulati.

12. Endi bakal mulya iku  
netepi karsaning Widhi  
mituhu mring Nabinira  
anyuwita marang laki  
iku estri kang sampurna  
papacanging Nabi Wali.
13. Dyah Patimah matur nuwun  
inggih ingkang mugi-mugi  
angsalal pangestu tuwan  
amba sageeda nglampahi  
bubuden ingkang utami  
ya ta ngandika Jeng Nabi.
14. Lah ta babo sukur sewu  
wus tepung lan karsa mami  
lan sajatine ta sira  
ing tembe turunmu gusti  
apes adeging narendra  
anglakoni dadi meskin.
15. Pan rinusak dening mungsu  
sirna jenenging narpati  
pan ing tembe turunira  
yayi Dewi Kuraisin  
iku kang nanggulang ing prang  
ngukup mring turunmu gusti.
16. Dyah Patimah matur nuwun  
ngandika malih Jeng Nabi  
lan tembe ana ngakerat  
sira nora duwe kanthi  
apan namung marunira  
swarga nraka anglabuhi.

17. Lawan kaping tiganipun  
sun tan bisa amales sih  
mring lakimu si Murtala  
ya iya karsaning Widhi  
nanging esthi ngarahira  
ingsun aja na Ki Ngali.
18. Tulus kasoran ing pupuh  
rinusak dening wong kapir  
apa wales kang utama  
yen dudu mangkono yakti  
abot wong duwe atmaja  
prandene tinandhing ing sih.
19. Yen sun ganjara praja gung  
iya maksih nama lahir  
padha duweni jumuah  
kang aweh lan kang nempeni  
kapiran rusak kalihnya  
yen ginanjara mas picis.
20. Yekti dudu timbangipun  
sepala mung krana lahir  
ana dene kang utama  
amales ingkang sayekti  
padha sinukma ing driya  
susuk srah wutah ing kapti.
21. Pasmon padatan kawetu  
kang kena den tohi batin  
upama jaja binelah  
den kasrah isining jisim  
ingsun mring Ngali Murtala  
lila tumeka ing batin.
22. Sang kusuma matur nuwun  
amba pan samanten malih  
ing donya prapteng ngakerat

ing lair terus ing batin  
prakawis Sang Prabu Rara  
dhaupipun lawan Ngali.

23. Yen estri lamba ing kalbu  
datan wrin sulanging ngelmi  
kinawayuh manah rusak  
yen tinimbang-timbang ing sih  
trimaning lawan mujadah  
punika dereng utami.
24. Sanes lan kang sampun luhung  
waspada keblating pesthi  
kodrat iradating Suksma  
gineget sajroning galih  
punika ingkang utama  
tan krana manungsa lahir.
25. Allah ingkang karya pandum  
narima osiking galih  
nadyan ing lahir utama  
kineker dipun tretibi  
yen manah datan wahana  
menggah gegedhiging batin.
26. Allah Tangala kang ngukum  
ngadili pageding batin  
dereng kewilang utama  
lahir tan terus ing batin  
estri kang asor budine  
medal jawi langit jalmi.
27. Upamaning kayu watu  
kapiran keblating puji  
duraka kawan medahab  
mring Nabi Wali myang Laki  
miwah myang panutanira  
nadyan dhasaring yumani.

28. Jeng Nabi nya manesep bun  
trustheng tyas marwata siwi  
miwah sagung para garwa  
miyarsa enggaring galih  
ya ta sampun luluwaran  
sang dyah nya kondur mring puri.
29. Enjing malih kang winuwus  
kusuma Sang Prabu Dewi  
pinarak ing jumantara  
pitung yuta pra ratu jim  
miwah prajurit wanodya  
jejel ing ngarsa narpati.
30. Menggep aneng tarub agung  
Prabu Dewi Kuraisin  
lenggah ing malige retna  
ingkang paman mengging ngarsi  
miwah Asal Asil patya  
sakanca para narpati.
31. Pasanggrahane Sang Prabu  
apelag pupujan sami  
yayah kasuwargan endah  
saking saktine Sang Dewi  
tatarubing pasewakan  
bayiyar ingkang kinardi.
32. Pinalisir mliyo dadu  
sinelanan sutra wilis  
sinungsun taluki jenar  
samya binludir her rukmi  
kinembang mutyara mirah  
sumyur citraning retna di.
33. Sasaka kancana murub  
sinawuran manik warih  
murub jwalaning busana

rebut sorot anelahi  
lir thathit sayuta lumrang  
sorote retna mas manik.

34. Hebek manuhara luhung  
sangsaya minuni sari  
muleg gandanira kongas  
saparan ginawa angin  
Sang Dyah arsanireng ganda  
akarya trenyuh ing galih.

\*\*\*\*\*

### 35. DEWI KURAISIN MARAK DHATENG KADHATON MADI-NAH

#### MEGATRUH

1. Amegatruh dyah ngracut busana kakung  
nglela-lir pujan retna di  
lir widadri tumurun  
samiyosira tinangkil  
ngrasuk busananing sinom.
2. Getir kilang anggung yang uswaning kakung  
wus krama saya respati  
memes ing sasolahnya rum  
lir muksweng ngenggon kaeksi  
samendraning rat tan tumon.
3. Kang sumewa kagyat mulat mring Sanging Rum  
wus lami denira ngabdi  
dereng wrin ing wantahipun  
yen nuju busana estri  
lagya mangke denira non.
4. Nadyan para putri ing nguni sadarum  
lir priya siyang myang latri  
pra samya busana kakung  
lagya mangke busanestri  
lir wulan sewu yen tinon.
5. Samya ngongasaken kawiraganipun  
lir kilat barung lan thathit  
pagutting liring para rum  
anjomblong sagung kang nangkil  
lir katemben mulat gawok.
6. Pan gupita-ginupita gunging wadu  
kang saweneh abibisik  
sami rowangira lungguh

lah punapaa Sang Dewi  
Sang Dyah abusana sinom.

7. Papantese kados wonten raosipun  
sawab anganyar-anyari  
gusti jeng murtining santun  
manglela slira kaeksi  
kadya andaru mancorong.
8. Apa katurunan wahyuning Hyang Agung  
rowangira nauri  
bayarsa krama Singing Rum  
kakunge ingsun durung wrin  
kang saweneh ujaring wong.
9. Layak bakal dhaup lan Jeng Gusti Rasul  
sawab nora nana malih  
kang ngungkuli gustiningsun  
midera anglaya bumi  
tan ana timbange kaot.
10. Gusti mangsa arsaa pra ratu-ratu  
kajaba Jeng Gusti Nabi  
sawab tunggil bangsanipun  
guru ngira dadya krami  
rowangira muwus alon.
11. Mangsa dadak arsaa Jeng Gusti Rasul  
anggarwa dhateng kang rayi  
tumimbal ping pira iku  
kang saweneh anauri  
bener nora kepalang doh.
12. Abubakar yen nora Ngumar puniku  
yen nora Ngusman ya Ngali  
iku salah sijinipun  
ana sumambung nauri  
Abubakar kiraning ngong.

13. Sawab iku tutungguling sabat Rasul  
wignya nganam-anam tagi  
anauri rowangipun  
mangsa karsaa Sang Dewi  
kurang digdayeng palugon.
14. Jaba Ngumar iku gagah prakoswa nung  
angranggoni gedhag-gedhig  
digdaya kalamun pupuh  
malih rowange nauri  
iku durung nyangga abot.
15. Jaba Ngusman iku warnane abagus  
abaut marang pawestri  
sekar banjar pambegnya lus  
rowangira anauri  
kurang digdayeng palugon.
16. Jaba Ngali wong dhegus digdayeng pupuh  
anggentasi barang kardi  
sekti ber prakuswa pupug  
agul-agule Jeng Nabi  
rowange nauri alon.
17. Apan ewuh iku mantune Jeng Rasul  
lah kepriye jaba mami  
kongsi kaku atiningsun  
di endi kang den arani  
kabeh cinampahan ing wong.
18. Ya ta Sadat Satir ngandika mring ngayun  
prapta ngarsane sang dewi  
tansah mangrepa tumungkul  
ngandika Sang Prabu Dewi  
paman kadi pundi ingong.
19. Yen sun raos-raosaken ing wirangingsun  
amba tan purun nglampahi

karsane Jeng Gusti Rasul  
ketang larane kang ati  
duk cinekel astaning ngong.

20. Yen ngraosken paman parentahing guru  
ajrih lenggana wak mami  
duk wingi samayaningsun  
inggih ing dinten punika  
gen amba mring jro kadhaton.
21. Nanging paman tyas manira mandheng mangu  
matur Raja Sadat Satir  
gusti amba sanget nuwun  
ywa kathah-kathah ginalih  
pan wus karsaning Hyang Manon.
22. Apan sampun ing nguni ningkah wus rampung  
paran denira mangsuli  
amrengkang karsaning Rasul  
tan yogi ingkang pinanggih  
katur pejah gesangging ngong.
23. Yen ngantosa ngagolken karsaning guru  
donya ngakerate Gusti  
wilalat ingkang tinemu  
riwayate wonten ugi  
guru gusti sudarmeng wong.
24. Pan punika gusti sembah dunungipin  
sapituduh den lampahi  
mratuwa tanapi kakung  
punika keblating puji  
margi tibuning krahayon.
25. Atur amba apanjang lamun winuwus  
guru inggih Kanjeng Nabi  
gusti inggih Kanjeng Rasul  
sudarma inggih Jeng Nabi  
mrasepuh Jeng Duteng Manon.

26. Kakung inggih badhe raka sang ngaulun  
prayogi umarak gusti  
dhateng sajroning kadhatun  
amba atur pati urip  
yen lenggana Sang Lir Sinom.
27. Sang Dyah mesem sinamur ujwala semu  
myarsa ture Sadat Satir  
wusana prentah Sang Ningrum  
mring Ki Patih Asal Asil  
tatanen kabeh wadyeng ngong.
28. Ingsun marak marang sajroning kadhatun  
lan padha ngatona sami  
sakehing ejim sadarum  
lumakuwa kadya jalmi  
pitung yuta para katong.
29. Pambalane ywa kaleru tatanipun  
lan padha dharata sami  
pan sahasta luhuripun  
antarane lawan bumi  
sandika ture wotsinom.
30. Asal Asil mentar parentah mring ratu  
pitung yuta raja ning jim  
budhal panganjuring laku  
gumrah lir udan semen  
barung lan tengara angrok.
31. Geter pater sauran pating jalegur  
samirana silir-silir  
sirep diwangkara mendhung  
busana mawarni-warni  
lir sekar sataman tinon.
32. Kang jim ireng dadya panganjuring laku  
anggameng lamun kaeksi

ya ta kang sumambung pungkur  
jim abang lir gunung gemi  
jim kuning nambungi angrok.

33. Sinambungan jim putih dinulu bledug  
jim biru ingkang nambungi  
kaya mendhung alalaku  
nulya patih Asal Asil  
ginarebeg pratiwa nom.
34. Jim kang kadya manungsa kebek supenuh  
busana mawarni-warni  
lir pendah prawata santun  
pirang-pirang pra narpati  
pating galebyar yen tinon.
35. Sinambungan prajurit ing dalem pungkur  
pirang-pirang yuta kethi  
busanane abra murub  
ebek citraning retna di  
kasrang raditya mencorong.
36. Gya prajurit wanodya ingkang sumambung  
busananira nelahi  
gumyur lir andaru sewu  
lir kilat barung lan thathit  
pating galebyar yen tinon.
37. Nulya tindakira Sang Kusumaning Rum  
anitih amparan rukmi  
pinrak ing malige murub  
sewu gunge para putri  
angubeng Sang Prabu Sinom.
38. Nunggil saamparan ujwalane murub  
busana magutting rawi  
gumebyar-gebyar agumyur  
kumethip kumilat thathit  
surem baskara wirangrong.

39. Pan tinelasaken kawiraganipun  
pupug sawileting sari  
ganda saparanira nrus  
saking mandrawa kaeksi  
lir widadari raraton.
40. Sadat Satir tan tebih lawan Sang Prabu  
tindaknya Sang Retna Dewi  
ginarbeg ing para ratu  
ing pengker jin mancawarni  
saraturunira agolong.
41. Kang jim slewah blorok kapuranta dadu  
gumruh sawraning wadya jim  
pirang-pirang tanpa etung  
jagad lir den busanani  
abra lir sagara angrob.

## 36. UNTABIPUN WADYA JIM

### DHANDHANGGULA

1. Manising ngarsa wadya jim prapti  
tepis wiring kitha ing Madinah  
asrang aselur lampaque  
pirang-pirang wong ndulu  
sapraptane kang bala ejim  
sahasta saking kisma  
denira lumaku  
asri tinon mancawarna  
andeledeg malbeng sajroning nagari  
gumruh wong aniningal.
2. Ya ta sampun katur mring Jeng Nabi  
yen kang rayi Prabu Rara prapta  
wus katingal pangarsane  
sigra parentah gupuh  
methu sagung prajurit Mukmin  
kurmat methuk ing marga  
samantri pra ratu  
dhasar wus padha mirantya  
pirang-pirang atembak pinggiring margi  
mantri satriya raja.
3. Pra sakabat methuk panganiti  
ya ta lampahing wadya jim Ngajrak  
kadya angin panglarape  
tan ana kendhatipun  
jajar sewu wonten ing margi  
praptanya wiwit enjang  
angantya meh surup  
Sang Dyah pan dereng katingal  
tur punika lampaque kebat lir angin  
sagunging wadya Ngajrak.
4. Kang wus prapte abaris neng margi

rangkep-rangkep kang marga meh kebak  
wadya Madinah agawok  
barisira neng pungkur  
kapecetan wadya bala jim  
Sang Dyah dereng katingal  
wadyanya wus penuh  
sesak datan angsal papan  
nganti wutah luber mring jawining margi  
baris sungsun matumpang.

5. Nganti tundha kalih dennyu baris  
tundha tiga myang tundha sakawan  
angancik ing ndhas sikile  
ing wuri maksih selur  
nganti nulak tan saged baris  
mapan jawining kitha  
amaro mratelu  
weneh baris ing ngawiyat  
kang saweneh aneng kakayon abaris  
weneh iuhuring wisma.
6. Asal Asil anulya kaeksi  
ginarebeg sagung para nata  
lir pendah barat kebate  
Patih Sal Asil maju  
manggen wonten ing pancaniti  
samya asasalaman  
lan sakabat sagung  
jejel sagunging pra nata  
Ngajrak lan raja Madinah asri  
jawat-jinawat asta.
7. Sayid Ngumar sru gawok ningali  
gedheg-gedheg mirsa jim Ngajerak  
kagila-gila kathahe  
miwah ing warnanipun  
mancawarna busana asri

kebate anglir barat  
jejer sewu-sewu  
prandene wuri tan pegat  
Ngumar nolih dhateng Sang Bagendha Ngali  
esemira aprana.

8. Ngali api-api tan udani  
gya mrepeki Jeng Bagendha Ngusman  
eseme pinentogake  
Ngali mesem tumungkul  
merang nanging ageng kang galih  
Abubakar saksana  
animbali gupuh  
mring Asal Asil gya nyelak  
lah ki patih endi Sang Narendra Putri  
Asal Asil wotsekar.
9. Maksih tebih Sang Narendra Putri  
Abubakar mesem ing wardaya  
dhasar kudu ngongasake  
mula wingi tan ayun  
laju kinen malebeng puri  
ngrasa durung siyaga  
akeh cuwanipun  
iki jawane kang karsa  
mentarake kaprawiraneng guna di  
kaluwihaning nata.
10. Prajurite wanodya kaeksi  
lir widadari tumrun sing swarga  
kinembar-kembar rupane  
lir thathit lidhah barang  
ting galebyar kasranging rawi  
laju lumbeng pura  
kandheg aneng pintu  
arampak baris atata  
nulya tindakira Sang Narendra Putri

ganda ngriyini lampah.

11. Saparan ngambar binekta angin  
gya katingal lir andaru sasra  
pating karethap sunare  
retna abra sumunu  
kang amparan binekteng angin  
sinanggeng jim saleksa  
ing wiyat dinulu  
watara tri dasa hasta  
lan dharatan wus prapta ing pancaniti  
amparan saya andhap.
12. Pan sadedeg lampahe aririh  
Prabu Para anglela katingal  
kadya wulan ujwalane  
gunging pra putri wesu  
kang minangka lintang ing langit  
ngayat candra purnama  
ebek kang andulu  
pating parelok tumingal  
ting galebyar pating pancorong kaeksi  
tan kena ingupama.
13. Ngusman jawil dhateng Sayid Ngali  
Ngali mesem sinamur ujwala  
ing manah tambuh wiyose  
wijil kapisan rawuh  
Sang Dyah tedhak ngamparan rukmi  
kadya daru lumampah  
ngambar gandanya rum  
arum kang keri ing marga  
pan saejam wangine tan mari-mari  
klangkungan Retnaning Dyah.
14. Jaring crita kang para narpati.  
pra sakabat kang samya klangkungan

akeh kang mithes granane  
lawan tan arsa ndulu  
osik ala kang den kawruhi  
mujadah sarwi ngucap  
ya Allah Pirlahu  
Allah anuwun ngapura  
mugi-mugi Ngali lan Sang Prabu Dewi  
aweta palakrama.

15. Sadat Satir sampun marepeki  
mring Bubakar Ngumar Ngali Ngusman  
Ngabas ajawat astane  
warnanen Sang Lir Santun  
sampun prapta nataring puri  
methuk Dewi Patimah  
nganthing asta gupuh  
kadi widadari kembarn  
padha nome jambe nom sinigar palih  
tan kena piniliha.
16. Upamane wulan lawan sasi  
kadya inten tinimbang lan retna  
madu srengkara timbange  
tan ana ingkang kantun  
datan ana ingkang ngungkuli  
sanesing Dyah Patimah  
semune apupuh  
sengoh pacaking sarira  
tanduk nyenyep tayup angumbar kang liring  
besus namung prasaja.
17. Kuningira apan semu wilis  
amlas asih pambegnya Sang Retna  
ratune wong ayu kabeh  
Prabu Rara Sang Ning rum  
anjekining cacak respati  
salira lir kancana

sedhet gandhang tembung  
liring damar kamarutan  
pambeg kongas akarya bingunging ati  
sasolah awor raras.

18. Aja pecak kakung yen ningali  
nadyan estri apan ta kagiwang  
akewes saselewane  
kesthi siyang lan dalu  
lir sawantahira kaeksi  
kathah kang banjur edan  
yen nora pinupus  
saumur mangsa warasa  
turun pitu maksih edan andaleming  
lali lahir wus edan.
19. Pan prnyata sesekaring bumi  
sang Dyah Patimah lan Sang Prabu Ngajrak  
dhasar kalih samya nome  
sadhengah ingkang sepuh  
nora nganti ngatalan warsi  
tansah kakanthen asta  
samya enggaripun  
dene Dyah Dewi Patimah  
apan sampun Sang Dyah waspada ing gaib  
kalihnya sukarena.
20. Dene enggaring Sang Prabu Dewi  
pinapag ing jwala manis sumyah  
sumehing netra tembunge  
prasaja sarehnya rum  
nora mantra tinimbang ing sih  
ya kaya wong cilaka  
lamun kinamaru  
ulate awangi jamban  
saben dina angolah panggawe sikir  
ngranggoni jajal laknat.

ngranggoni jajal laknat.

21. Kangjeng Nabi sareng aningali dhateng rayi lan dhateng kang putra arukun raket pasmone ing galih sanget sukur gya ingawe kalihnya sami jajar lenggah ing ngarsa Jeng Nabi nabda rum dhateng ing putra Patimah poma babo den bisa anyuwitani iku wong tuwanira.
22. Malah patut kinabekten gusti sanak tuwa iku kang minangka gegenti bapa biyunge Ibumu kang wus surud lawan malih sapungkur mami ya iku wong tuwanta kang pantes sinuhun kinamulen ing sakarsa aja dumeh yen sira putraning Nabi elinga yen taruna.
23. Dyah Patimah matur awotsari saderenge myang sasampunira apan wus pupundhening ngong wimbuh ing mangke kumpul dadya rowang sabaya pati donya rawuh ngakerat cipta ngong ing kalbu tan pisan-pisan ngraosa maroning sih swarga nraka sami-sami kalih anglabuhana.
24. Badan kalih ing cipta satunggil ing tyas awor datan saantara birata mala dirgane

malah mujweng rahayu  
kang supaya tinrimeng widhi  
panguswaning tyas arja  
winales Hyang Agung  
Jeng Nabi kalangkung suka  
eseme wor pangandikanya rum manis  
lir madu ngemu tirta.

25. Yayi Dewi den mengku ing budi  
titimbangan kadang punggung mudha  
manawa akeh arale  
matur Sang Retnaning Rum  
amba sampun mawi ginalih  
sanadyan ta sudarma  
nyethi sabda ulun  
putra tuwan Bok Patimah  
kasihing Hyang guru panutaning estri  
amba kang suwitaa.
26. Kangjeng Nabi mesem amiyarsa  
Prabu Rara malih aturira  
Jeng Nabi Dutaning Manon  
yen marengi pukulun  
boten lami amba neng ngriki  
reh mengku jim sajagad  
praja amba suwung  
ratu ejim pitung yuta  
bilih wonten mengeng sarengat Jeng Nabi  
amba kang katempahan.
27. Langkung ajrih amba mring Hyang Widhi  
bilih wonten kapir jim sajagad  
bujung kedhih keh icale  
dene ing cipta ulun  
nggen kawula adarbe gusti  
Jeng Ngali mantu tuwan  
kadang amba sepuh

saestu Ngali Robbana  
wa ma anna pindonya wal akerati  
Ngali pangeran amba.

28. Dhasar bangsa dadya jatu krami  
donya ngakerat panutan amba  
tan mengkang ing sakarsane  
yekti boten kalintu  
tekad tokid amba mring laki  
nanging paminta amba  
Ngajrak kraton ulun  
amba tan saged tilara  
amba nyuwun lilah saderenge panggih  
ja karya kagoling tyas.
29. Ya ta dangu kendel Nabi Murti  
awekasan arum sabdanira  
mas yayi tan pareng ingong  
ewuh apa riningsun  
amarentah ejim sabumi  
ngadhatonan Madinah  
iya nora ewuh  
sanajan ana ing Ngajrak  
yen kinarya apes mring Hyang Maha Suci  
yayi mangsa luputa.
30. Prabu Rara tan mangsuli angling  
esmu menga Kanjeng angandika  
iku mungguh utamane  
pari peksaa ingsun  
angrojongi mring sira Yayi  
yen Ngali datan lega  
tempuhna maringsun  
Sang Dyah matur awotsekar  
sakalangkung panuwun amba Jeng Nabi  
Panutaning sajagad.

31. Kangjeng Nabi wus lega kang galih  
Dyah Patimah langkung sukeng driya  
Prabu Rara lejar tyase  
suka sagung kang ndulu  
ebat mulat koderating Widhi  
kinarya isining rat .  
apan ta asnapun  
warna-warna titingalan  
kaluwihan ing donya apan mepeki  
kanggenan jim sadaya.
32. Samya endah sagung para putri  
sewu bebektan saking Ngajerak  
wus sairib lan Sang Sinom  
upacarane murub  
ting galebyar raras nelahi  
surya meh nunggang arga  
ngelmu nglayung-nlayung  
miwah ing ujwalaning dyah  
wadya Ngajrak kang samya baris neng margi  
tan owah tatanira.
33. Abubakar Ngumar Ngusman Ngali  
miwah para sabat kawandasa  
aneng pancaniti andher  
myang Sadat Satir prabu  
Asal Asil lan para marpati  
aglar aneng paseban  
lan manungsa tepung  
jarwa-jinarwa ing tingkah  
genti tanya patraping manungsa lan jim  
rukun apa guneman.
34. Dene sagunging prajurit ejim  
myang para nata nindhihi lampah  
tan ana owah barise  
wong Madinah gumurun

pirang-pirang samya ningali  
katemben samya mulat  
mring jim warñanipun  
sipate kadya manungsa  
sanesira tan sami angambah siti  
kulite mancawarna.

35. Ana abang dadu miwah wilis  
putih kuning biru kapuranta  
slewah blorok sembur weneh  
lir jalma wantahipun  
saking gunging wadya bala jim  
mampir-mampir ing wisma  
samya maratamu  
weneh sembahyang kewala  
kang saweneh ana ngombe ngambil geni  
saweneh udud pisan.
36. Watyang ngaklukuk duda kinardi  
para yusman lan wadya Madinah  
tutur-tinutur umbage  
nadyan kang nora enjuh  
padha ngaku digdayeng jurit  
saweneh ngaku guna  
kathah caturipun  
malih ingkang kawarnaa  
Dyah Patimah matur ing rama Jeng Nabi  
yen marengi paduka.
37. Prabu Dewi pan amba aturi  
kondur dhateng ing wisma kawula  
kasesa dalu wancine  
angrojongi Jeng Rasul  
Ngali nulya dipun timbali  
sapraptanya ngayunan  
lenggah nya andheku  
Sang Dyah wus tedhak kalihnya

agandhengan Patimah lan Prabu Dewi  
kalih tyas langkung rena.

\*\*\*\*\*

## 37. DEWI KURAISIN DIPUN BOYONG BAGENDHA NGALI

### SINOM

1. Horeg pra sinom sadaya  
sawise Sang Dyah kakalih  
Ngali nulya kinejepan  
dhateng Jeng Murtining Bumi  
gupuh Bagenda Ngali  
garwanya kalih sinambut  
pinondhong kering kanan  
Sang Dyah lan Sang Prabu Dewi  
Sayid Ngalihnya marwata suta.
2. Gumuruh wadya ing jaba  
nyaosken amparan rukmi  
wadya barisira aglar  
supenuh jejel apipit  
gurnita swaranya sri  
sanjata pating jalegur  
kadi gelap sayuta  
prakempa kang bumi gongjing  
Sang Dyah kalih wus anunggeng malige Retna.
3. Ngali lumampah ing ngarsa  
sigra-sigra amantesi  
Bubakar Ngumar myang Ngusman  
ndherekken konduring Ngali  
miwah kakabat sami  
atanapi para ratu  
pandhita resi janggan  
ngulama satriya mantri  
selur dulur marga gunging binusanan.
4. Wadya pra raja ing Ngajrak  
tan owah lakuning baris  
kadya duk ing praptanira

atanapi Sadat Satir  
myang Patih Asal Asil  
prituwin pra prawira nung  
sang dyah aneng ngamparan  
lir wulan kembar upami  
nulya rawuh daleme Ngali Murtala.

5. Kang lumiring samya kurmat  
prajurit tatanira sri  
gepah Jeng Nabi Murtala  
nyelaki mring garwa kalih  
sareng sinambut sami  
aneng kanan Sang Dyah Ingrum  
Prabu Para neng kiwa  
gya tedhak Sang Prabu Dewi  
upacara umyang abar tiningalan.

## ASMARADANA

6. Kasmaran Bubakar Sidik  
samana nulya parentah  
bubaraken sagunging wong  
prituwin para sakabat  
mantri satriya raja  
gumuruh wadya **kumebut**  
Sadat Satir kawarnaa.
7. Kyana Patih Asal Asil  
prentah ratu pitung yuta  
kinen abubaran kabeh  
pasanggrahan angawiyat  
kang keri mung sayuta  
rumeksa mring Sang Lir Santun  
samya nyeluman sadaya.
8. Kang katingal mung sabiting  
atugur aneng paseban  
weneh aneng kori gedhe

saweneh aneng plataran  
samya jim pipilihan  
samya santana sadarum  
lawan murtining wanodya.

9. De kajawi kang sabiting  
samya nyeluman sadaya  
tanapi pra wira sinom  
samya makuwon ngawiyat  
kang keri sapratigan  
salurah sajajaripun  
tan owah busana priya.
10. Sagung pra prajurit putri  
wus samya kinen umesat  
sapretigan para sinom  
salurah sajajarira  
tugur aneng jro pura  
kang katingal destun namung  
kawandasa pra wanodya.
11. Wusnya catur dasa ari  
Narpendyah Prabu Kumara  
miminta mring Sang Wira Nom  
miwah mring Sang Guruning Dyah  
cangkrama ing ngawiyat  
lalangen taman kadhatun  
pakuwon kang mindha swarga.
12. Tiga wus manuksma sami  
umesat mring jumantara  
Sang Dyah nunggil samalige  
hebat kaelokaning Hyang  
karana sipat rahmat  
Sang Prabu Rara kalangkung  
dennya mrih sukaning raka.
13. Miwah pamudyanira ngling

nung sang Dyah Dewi Patimah  
mikat budya ing tyas anor  
para pingitan Madinah  
samya ebat tumingal  
baya iki nyatanipun  
kraton Jeng Sultan Suleman.

14. Kang saweneh ana angling  
aja kagawokan mulat  
mati kelap satemahe  
saweneh nambungi ngucap  
nandyan kaperayanga  
dadya setan dadya lembut  
yen ngabdi Sang Lesmining Rat.
15. Apanjang lamun winarni  
Sang Prabu Rara ing Ngajrak  
wus tigang candra lamine  
denira aneng Madinah  
runtut lan Dyah Patimah  
tan pegat amawor lulut  
tiga sami asihira.
16. Wus rampung saliring ngelmi  
sira Sang Prabu Wonodya  
karem mring ngelamuning Manon  
anggelaraken sarengat  
amulang jim sajagad  
kang lampahan satus tahun  
samya sowan mring Madinah.
17. Salebetung pitu ari  
denira nangkil ping tiga  
Jumwah Isnen myang Kemise  
lampahan tri atus warsa  
patangtus warsa seba  
Isnen Kemis Jumwahipun  
samya ngimpul mring Madinah.

18. Ananging datan kaeksi  
sagunging ejim sajagad  
kang sumewa Sang Lir Sinom  
yen upama katingala  
kebak praja Madinah  
dening jim ingkang kadulu  
ing sadina-dinarira.
19. Ngamungken kang tungguk kemit  
kang samya cara manungsa  
kalih ejam gilirane  
eram sagung wong Madinah  
ningali nataning dyah  
dene ta kalangkung-langkung  
datan kena ingupama.
20. Ing mangke Sang Prabu Dewi  
wus ngidham-idham kaworan  
langkung sihira karongron  
Jeng Sayid Ngali Murtala  
langkung pamudyanira  
ing maha Sang Ruming Santun  
pangraos yen tiningalan.
21. Tan kenging benggang senyari  
dugi denya papasihan  
rejaseng wasis marane  
Dyah Dewi Patimah tansah  
mangun gambiraning tyas  
wireng tilam kang pawor kung  
lawan Sang Dewining Sekar.
22. Bagendha Ngali saya sih  
mring garwa sang guruning dyah  
tambuh kang winalesake  
kasmarjeng budi kang limpad  
kekxi nirmalaning tyas

pamangsul saya mrik arum  
kawayang amung kamulyan.

23. Ywanta pangela lan ing sih  
sru muja ing kasusilan  
de sang tumameng karongron  
yen pineleng Dyah Patimah  
kraos Sang Prabu Rara  
yen meleng samurtining rum  
ketang tresnaning Patimah.
24. Karon pinuja kang esih  
sumrambah asmareng tilam  
setya-sinetya enggare  
lir pusrita tekeng mangsa  
ganda nrus amrik kongas  
direng Sang Kumaraning Rum  
wimbuhan karya mangru basa.
25. Pan kacatur wonten putri  
bebektan saking ing Ngajrak  
lulurahe para sinom  
kehe nenem kang kocapa  
sawiji putri Ngerak  
putri Nanjah kalihipun  
katiga putri Kabiran.
26. Ingkang tiga para putri  
pan samya nunggil sabangsa  
Bakdadi ing negarane  
samya putrining jim raja  
endah-endah warnanya  
panjang yen rinenggeng kidung  
wus samya nyidham kaworan.
27. Luhur-linuhuran sami  
pingitan jim lan manungsa  
mangumbar meses besuse

rebut sih asmareng tilam  
sinawung adining dyah  
kapupugane agupuh  
pura kebekan ing raras.

28. Nengna ganti kang winarni  
risedheng Jeng Nabiyullah  
sineba ing para katong  
myang sagung para sakabet  
mantri myang sinatriya  
para ngulama supenuh  
lir sagara rob belabar.
29. Kang wonten ngarsaning Nabi  
Abubakar Ngumar Ngusman  
Bagendha Ngali jajare  
anggusthi tingkahe sarak  
kasaru praptanira  
mantri kakalih umatur  
dhateng Sayid Abubakar.
30. Atur wrin wong Ngabsah prapti  
sumewa nungkul sadaya  
samya ngrucat gagamane  
pangajeng Patih Suteja  
ya ta Jeng Dutaning Hyang  
nulya amancer pandulu  
Bubakar matur wotsekar.
31. Ing saniskaranireki  
wusana Jeng Nabiyullah  
arum amanis delinge  
dhateng sang Jenggi narendra  
iki ana wong prapta  
Suteja pangiridipun  
anggawa wong ing Ngabesah.
32. Apa balamu sayekti

umatur Sang Jenggi Raja  
estu kalamun wadyeng ngong  
dene kang nama Suteja  
gusti patih kawula  
angandika Kangjeng Rasul  
Suteja ge timbalana.

33. Wus prapta ngarsaning Nabi  
ya ta nulya cinukuran  
winulang sahadat kabeh  
sadaya wus nandhang iman  
wadya bala Ngabesah  
Raja Jenggi suka sukur  
ngandika Jeng Nabiyullah.
34. Mring sagunging pra narpati  
raja kang sewu nagara  
kinen ambubarna kabeh  
mring prajanya juga-juga  
kinen anetepana  
sarengatira Jeng Rasul  
sadaya matur sandika.
35. Ya ta wus luwaran sami  
dene sagung para raja  
laju mantuk mring prajane  
gumrah swarane lir gerah  
mangsane labuh kapat  
satengah candra aselur  
dennya budhal sing Madinah.
36. Amangkat raina wengi  
suprandene datan pegat  
jejel supenuh punang wong  
neng marga awarna-warna  
saweneh lampah dharat  
kang saweneng medal laut  
palwa lir jati angarang.

37. Baledug tutunggul putih  
samy a ciri ayat Quran  
tuhu Islam prātandhane  
malih ingkang kawarnaa  
wau Sang Prabu Rara  
tansah pamit marang kakung  
kondur mring Ngajrak nagara.
38. Gusti Sayidina Ngali  
asanget panambengira  
lagya mempeng pasihane  
nanging Sang Dyah paripeksa  
kedah kondur mring Ngajrak  
kang raka tansah manglipur  
mangrepa sabda raharja.

\*\*\*\*\*

### **38. DEWI KURAISIN BADHE WANGSUL DHATENG NGAJRAK**

#### **KINANTHI**

1. Kinanthi madyeng tilam rum  
direng sang asmara kalih  
kakung amindhya sat pada  
aminta wedharing sari  
dhuh mas ratu paran baya  
sun pisah lan sira gusti.
2. Sinten mirah sun susugun  
minangka jimating urip  
pun kakang keri anggana  
nora katimbangan ing sih  
tan welas mring dasihira  
nak angger kang sawang sasi.
3. Dhuh gusti mustikaning rum  
kang ngratoni ing wawangi  
dhuh ratuning adi mulya  
dhuh ratuning pra hapsari  
lah ta paran gen sun wignya  
pisah lan dika wong kuning.
4. Donya ngakerat tyasing sun  
gusti ywa pisah lan mami  
pun kakang mangestu pada  
ing donya tumekeng akir  
nora ingsun pindha garwa  
sun rengkuh gusti sayekti.
5. Adhuh apa mirah ingsun  
ngadhaton Madinah gusti  
sakathahe jim sajagad  
mangsa suwalaa gusti  
pun kakang saos ing karsa

dadagan neng tilam sari.

6. Sang Prabu Rara umatur  
eseme sinamar liring  
gusti kados pundi karsa  
sepele ingkang ginalih  
kautaman ri binekta  
kang mumpangati sabumi.
7. Ringkes kapraboning luhur  
rusak santosaning budi  
yen amba wonten Madinah  
suda wangenaning ejim  
karya runtanging sajagad  
wadyamba alit kang galih.
8. Amba apes temahipun  
lir manungsa siyang latri  
sayekti yen sanen cipta  
suyuding wadya bala jim  
wusana angrusak nalar  
datan tuwajuh agami.
9. Jeng paduka temahipun  
ingkang kalonglongan gusti  
drajat kamulyaning jagad  
katungkul angumbar galih  
nuruti leganining karsa  
yen tuwan meksa ngukuhi.
10. Asil pinten sang ngaulun  
lah mangsa kuranga estri  
nadyan krama jim sayuta  
kewedan punapa gusti  
yen taksih gesang kawula  
mangsa kuranga pra putri.
11. Kapati-pati kayungyun

paduka dhateng ing cehti  
lan malih garwa paduka  
punika putrining nabi  
pupundhene wong sajagad  
kang pantes ginusti-gusti.

12. Pratignya tur ayu tulus  
tur rampung ing susila di  
nadyan widadari swarga  
mangsa wontena kang mirib  
jimat memundrining jagad  
tur kakasihing Hyang Widhi.
13. Miwah pingitan pukulun  
warnane samya yu luwih  
tur samya putrining nata  
cethine sampun ginalih  
bujunga utamaning rat  
pamrih kang santoseng budi.
14. Legeg tyasira sang kakung  
adangu tan kena angling  
ginalih yen kaleresan  
ature Sang Prabu Dewi  
wusana arum ngandika  
paran polah ingsun yayi.
14. Sumungkem ing pangkyan gupuh  
mangrangkul madyaning rayi  
ginalih yen kaleresan  
ature Sang Prabu Dewi  
sang dyah angres esmu waspa  
mirsa ing kakung kaswasih.
16. Sinamur ing ujwala rum  
angrarapu ing tyas kingkin  
sang dyah angenorken raga  
sasolahnya amikat sih

winor pangruketing netra  
sang dyah sang dewining sari.

17. Langkung kewran ing tyasipun  
wusana umatur aris  
tuwan yen ta tuhu tresna  
tan saged pisah lan cethi  
suwawi kawula bekta  
dhateng ing Ngajrak nagari.
18. Mintaa rilaning Rasul  
lawan lilane Bok Dewi  
jumeneng Ngajrak sineba  
sagunging ejim sabumi  
mupugi nikmating guna  
dumugi sihing Hyang Widhi.
19. Neng Ngajrak jumeneng ratu  
saeca-ecaning wuri  
yen lepat atur kawula  
suwawi winaos gusti  
kumepyur Ngali Murtala  
myarsa ature kang rayi.
20. Umatur Sang Kusumeng Rum  
galihen ingkang sayekti  
atur amba mring paduka  
kraton ing Ngajrak Nagara  
tuwan ingkang ngrengganana  
paran wusananireng ngling.
21. Yen tuwan tresna satuhu  
mring cethi kang kawlas asih  
utawi lamun atresna  
paran pangandika gusti  
sareng amiyarsa sabda  
gusti Sayidina Ngali.
22. Kapranan ingkang pitembung

ing purwa duksina keksi  
enget yen dadya Kalipah  
kagagas-gagas ing galih  
ambuka surayeng driya  
kakekate manungswa di.

23. Kang garwa nulya sinambut  
pinangku ingaras wanti  
cinecep-cecep lathinya  
panabidianira amanis  
dudu papadon masmirah  
melua mring Ngajrak mami.
24. Donya pira nikmatipun  
kapingin karatoning jim  
kang dhingin ajrih Panutan  
kapindho atinggal wajib  
kaping tri Yayi wruhanta  
apan sayektinira jim.
25. Bangsa luwih andhapistun  
ngamungken nikmating bumi  
ngakerat luwih musakat  
apanta Yayi kinardi  
apan gegenep kewala  
kodrat ipadating Widhi.
26. Nadyan Islama pinunjul  
tan darbe kaswargan luwih  
sawab wus pinanggih donya  
Yayi kamuktening jim  
nadyan saluwihanira  
sayekti nora nimbangi.
27. Sawab ta wus badan alus  
sinung kaluwihan bumi  
yayi beda lan manungsa  
asale badan jasmani

anarima lara pejah  
marma ngakerate luwih.

28. Gedhene kamulyanipun  
apngal kang mijil jasmani  
kapindho awasing iman  
amadhep ing Suksma Jati  
iku kang luwih utama  
beda lawan jenenging jim.
29. Lan malihipun mas ratu  
mungguhing Hyang Maha Suci  
tan ana ingkang winenang  
ingaken kahanan jati  
karana amung manungsa  
sarengate amimbuhi.
- 30; Wenang pamoring pandulu  
tinggalan aningali  
tur awenang dadi timbang  
pujinira kang sayekti  
pangrehira tanpa lawan  
witning para Nabi Wali.
31. Sanadyan pinara sewu  
kamulyanira ing akir  
nora padha yen miriba  
yayi lan kaswarganeting jim  
marma pun kakang lenggana  
mring Ngajrak dadya ratu jim.

\*\*\*\*\*

## 39. PAMIT DIATENG KANGJENG NABI SINOM

1. Pan angleg sang rum Sri Nata  
sumengkem waspa dres mijil  
kaduwung ing aturira  
kapranan miyarsa angling  
rinaos amethuki  
manungsa kakekatipun  
datullah sipatullah  
sirullah wujudullahi  
wus kanyatan mring sajatining manungsa.
2. Umatur saya karuna  
Sri Maha Narendra Putri  
amba pukulun ruwata  
dadosna manungsa jati  
amba tur pati urip  
ruwaten kajimaningsun  
kapengin yen daosa  
manungsa ingkang angsal sih  
kadya tuwan sajatine waliyullah.
3. Jeng Sayid Ngali wlas ing tyas  
arum sabdanira manis  
ya nimas wus takdiring Hyang  
janji tan kena gumingsir  
sira tinitah ejim  
bangsa kamanungsan masku  
kukuhing alusira  
kalawan badan jasmani  
bangsa wadhag marang alus wekasira.
4. Nanging alusing manungsa  
yen durung wruh raseng pati  
Sang Dyah tansah dres kang wapa

neng pangkon turnya mlas asih  
parang ing karsa gusti  
sang kakung ngandika arum  
manungsa datan wignya  
ngowahi kodrating Widhi  
lamun Islam iya tinarima ing Hyang.

5. Nanging teka padha ora  
lan manungsa kang angsal sih  
nanging ta kaule ana  
sabarang jenenging estri  
manut ing laki rabi  
wuruk-wuruk kakungipun  
donya akeratira  
swarga nraka manut yayi  
yen precaya mas mirah lawan pun kakang.
6. Nanging yen precaya uga  
mring yayi Patimah gusti  
lamun pun kakang katrima  
panembah ingsun mring Widhi  
pinasthi tan gumingsir  
sira tan pisah lan ingsun  
sedene putranira  
Patimah tunggal lan mami  
nanging ingsun Yayi ngrumiyini pejah.
7. Sawabe bangsa manungsa  
beda lawan sira gusti  
sareng lan rusaking jagad  
besuk ajalira gusti  
tyasira lir jinait  
myarsa andikaning kakung  
kadya datanpa jiwa  
adangu tan kena angling  
soca balut socaning jim ingusapan.
8. Umatur sarya karuna

amba tetedha ing Widhi  
tulusa mangestu pada  
ngranu pada ingkang cethi  
paranta polah mami  
amba datan saged kantun  
satemahipun cuwa  
gusti gen amba nyenyethi  
datan wignya mangsuli ing sih paduka.

9. Pintanen kang Murbeng Jagad  
ywa ngantos sulayeng pati  
sinten kang amba tengaa  
yen kantuna ajal mami  
kalampahana ugi  
nadyan palastraa ingsun  
sarenga lan paduka  
ywa ngantos gantalan sasi  
raka nabda mas ratu yekti tan kena.
10. Nadyan keri ajalira  
besuk tan wurung kapanggih  
yen dhasar manteb ing cipta  
jodho ing salaki rabi  
panas perih nglakoni  
jodho lan samarunipun  
nadyan bangsa jim sira  
kabegian dadya pawestri  
jim manungsa manut labuh marang priya.
11. Marima mas mirah kusuma  
aja sungkawa ing galih  
nak angger pamitaningwang  
nora liwat wong akuning  
amung sisiping dasih  
den ageng aksamanipun  
rohingsun sumawita  
bendaranira wong kuning

setya tuhu rumeksa nugrahandika.

12. Ya ta Sang Prabu Wanodya  
wus marem raosing galih  
ing tekad saya jrih tresna  
mring raka kungkulon budi  
wah mangres wedi sumrik  
inggih ingkang mangimur kung  
mawantya mangun tama  
angreh kasusilan suci  
kongas bawa pangbra bawaning agama.
13. Marang pagramang ngrasmaya  
apadhang rejaseng sasi  
rilang mudrakilang driya  
Gusti Sayidina Ngali  
malad dadireng tyasing  
dyah pamit dhumateng kakung  
kacakra ing wardaya  
akewran pamedharing ngling  
manabda rum mring garwa sarwi mangrepa.
14. Gusti kang sawang kumala  
pupuan retna ingukir  
sirarsa kondur mring Ngajrak  
yen kenginga sun pambengi  
yen paripeksa gusti  
paran giningsun tan asung  
dasih sumiweng karsa  
meygati runtiking galih  
sun tetedha tulusa asih kewala.
15. Nadyan yayi mas kondura  
aja lali mring mas widi  
lan malih pamitaning wang  
aja suwe-suwe gusti  
dipun asring tutuwi  
pun kakang kangen kalangkung

ywa pecak tataunan  
pan sadina wae gusti  
pan saejam kewala tan bisa pisah.

16. Sinigeg jawining kandha  
wawadine wong aguling  
lilipure pari brangta  
kadya wong kang ngesthi pati  
tri ratri telung ari  
risang mangun asmareng rum  
gantya manawungana  
mintya wong tikyeng pra sari  
arum-arum kawangwang ing madu brangta.
17. Rimangkara andum raras  
pra putri ing jinem wangi  
pinudyeng asmaragama  
kadya duk kratone Nabi  
Suleman yen maringe  
mriyembada ing para rum  
mahandum luluting tyas  
sewu-sewu ing salatri  
Sayid Ngali kinarilan dening Suksma.
18. Kaloka kalananging rat  
Gusti Sayidina Ngali  
kaloka anjayeng rana  
punjuling asmareng sari  
sawusnya andum ing sih  
ya ta kusumaning ayu  
sawusnya aparentah  
linilan sakeh wadya jim  
gya budhalan Sang Retna kondur mring Ngajrak.
19. Gumruh swaraning jim riyat  
kadya udan sinemeni  
miranti kaprajuritan  
pitung yuta pra narpati

sabala nitih wajik  
sawitan busananipun  
barung tengara gumrah  
anjog sing nagara asri  
pirang-pirang nagri Madinah kebekan.

20. Kawarnaa Prabu Rara  
kalawan Pátimah Dewi  
dangu dennyararangkul  
yayah mintuna lan mimi  
Sayid Kasan prituwin  
Sayid Kusen neng karseng rum  
tansah ingaras-aras  
mring ibu Sang Prabu Dewi  
paja-paja dyah kalih lamun pisaha.
21. Pan saking anunggil cipta  
tan ana selayeng budi  
asih sinembadan krasa  
sang kakung jenger ningali  
dhumateng garwa kalih  
datansah rinangkul-nangkul  
lambung kadya pepesa  
adangu nguswa mamanis  
Prabu Rara wus lengser saking ing ngarsa.
22. Wus ngrasuk kang prajuritan  
sinawang kalangkung pekik  
kadya gambar wawangunan  
respati sabet kinering  
myang sagung para putri  
sadaya busana kakung  
dene pra prawireng dyah  
wus samya wahana wajik  
wijil pisan barise wus samya rampak.
23. Kang wadya bala belabar  
saparan-paran menuhi

Prabu Dewi Dyah Patimah  
wus munggeng amparan rukmi  
jajar pinrak maligi  
dumeling lamun dinulu  
Retna Dewi Patimah  
gumilang amindha sasi  
saya kongas pupundhene wong sajagad.

24. Dumeling Sang Prabu Rara  
sinawang langkung respati  
wus tan kalih lan kang rama  
Jeng Sultan Wiradimurti  
kaot kapareng alit  
ambranyak lamun dinulu  
kang rama manda jenar  
Sang Dyah lir emas sinangling  
gebyar-gebyar kaguntur dening praditya.
25. Upacara atap agar  
ingapit kang para putri  
Ngali lumampah ing muntat  
sawadyanira angiring  
wus prapteng pancaniti  
laju umanjing kadhatur  
marak Jeng Dutaning Hyang  
ampilan kadheng ing wijil  
Jeng Muhamad duk mirsa mring dyah kalihnya.
26. Dyah kalih ingawe sigra  
gupuh ingacaran sami  
kalihira jajar lenggah  
Ngali ngandikan wus prapti  
tengah kapareng wuri  
Ngali lenggahnya tumungkul  
para putri angayap  
tanapi pawongan cethi  
Kangjeng Nabi arum wijiling wacana.

27. Kaki Ngali paran karya  
dene yayi Kuraisin  
lan garwanira Patimah  
umarek malebeng puri  
paran ing barang kardi  
Bagendha Ngali umatur  
ratu mas ing Ngajerak  
amit mring paduka Nabi  
pari peksa mundur mring Ngajrak nagara.
28. Sanget pamambeng kawula  
nanging ratu mas tan kenging  
wusana amba suwangga  
paran karsaning mas yayi  
ngandika Kangjeng Nabi  
Kaki Ngali sewu sukur  
sira sumarah karsa  
angayomi jim sabumi  
tinggal wajib ratu atinggal nagara.
29. Matur nuwun Sang Murtala  
dangu wedele kang angling  
noleh Sang Prabu Wanodya  
mring raka amandeng liring  
mesem Bagendha Ngali  
dangu denira tumungkul  
angling Jeng Dutaning Hyang  
Yayi Dewi Kuraisin  
sun ideni kondur mring Ngajrak nagara.
30. Tan liwat pamitaning wang  
yayi dewi den atiti  
amredi mring jim sajagad  
mumpung ingsun maksih urip  
sarengat gama sukci  
sawadyanira riningsun  
aywa na kaliwatan

netepi pakoning Widhi  
tur sandika narpendah sarwi wotsekar.

31. Jeng Nabi malih ngandika  
yayi wekasingsun malih  
warna rukuning Islam  
salat kajat miwah kaji  
ram lan jakat pitrahi  
den nglakoni darmi ring sun  
Sang Dyah matur sandika  
malih ngandika Jeng Nabi  
poma yayi den aragap gamaniar.
32. Anggelung ngemunireng Hang  
mulanga ing Quran sami  
sarat nganggosa werana  
kang padha muhrim pribadi  
wus lakuning pawestri  
nora kena ariningsun  
Sang Dyah matur sandika  
wineling wi'manti-wanti  
Kangjeng Nabi sadangunira tumingal.
33. Dhateng Sang Prabu Wanodya  
ujwala kongas nelahi  
wus cinakra ing wardaya  
yen Sang Dyah Retna garbini  
Jeng Nabi gya mangliring  
mring Patimah sabdanya rum  
riningsun Prabu Rara  
semune etka manglingi  
Dyah Patimah umatur sarwi wotsekar.
34. Ratu mas sampun awawrat  
tri candra amba watawis  
mesem ~~stjreming~~ wardaya  
Kangjeng Nabi tanpa ngling

ingawe Nata Dewi  
umarseng mangusweng suku  
Nabi yullah ngandika  
wewetenganira Yayi  
yen sembada parenging Hyang Maha Mulya.

35. Iku besuk babar priya  
warnane kalangkung pekik  
dadi prajuriting Suksma  
digdaya sura sinekti  
ngentasi barang kardi  
sinemektan ing Hyang Agung  
besuk luwih widigbya  
tutulung mring kawlas asih  
angungkuli luluhuring kang kuna-kuna.
36. Angayomi umat Islam  
ambirat sagunging kapir  
matur nuwun Prabu Rara  
malih ngandika Jeng Nabi  
lan wekasing sun Yayi  
benjang yen saestu kakung  
ingsun asung wasiyat  
tur atas karsaning Widhi  
aranana Ki Muhamad Kanapiyah.
37. Matur Sang Prabu Wanodya  
pukulun kang mugi-mugi  
kabula pangestu tuwan  
gya mundur sing ngarsa Nabi  
anjawat asta wanti  
mring para parwaning Rasul  
miwah mring Dyah Patimah  
kumembeng waspa sang kalih  
Sayid Ngali tambuh raosing wardaya.
38. Jeng Nabi arum ngandika  
wus pupusen Kaki Ngali

ewuh jenenging narendra  
yen nganti tinggal nagari  
terang sing karsa mami  
denira kondur riningsun  
lawan wangenan apa  
yen ana karsaning yayi  
nagri Ngajrak lawan praja ing Madinah.

39. Sayekti mangsa dangua  
sakedheping netra prapti  
Ngali nuwun aturira  
nambungi Sang Prabu Dewi  
leres sabdaning nabi  
cipta amba mring pakulun  
yekti mangsa sanesa  
ing benjang lan sapuniki  
Sayid Ngali ngliring tan mangsuli sabda.
40. Warnanen ing pagelaran  
sira Raja Sadat Satir  
miwah Asal Asil patya  
miwah pra narpatining jim  
anjawat asta sami  
ganti-ganti majeng mundur  
mring Sayid Abubakar  
Ngumar Ngusman sabat sami  
wadya Ngajrak umyang dennyang ngestu deya.
41. Anulya atata-tata  
wadya ing Ngajrak nagari  
swaranira angling gerah  
gumruh pangriking turanggi  
geter pater munya sri  
kang arga pating galudhug  
kurmate jim sajagad  
kang aneng jaladri wukir  
angin ageng nempuh ing kandha araras.

42. Tutunggul layu bandera  
kasrang ing angin kumitir  
praja kadi binusanan  
adangu denira nganti  
wiyosira Sang Dewi  
kang lagya marek Jeng Rasul  
ya ta kang aneng pura  
samya trenyuhireng galih  
langen dennya wulangun apegat trisna,
43. Lipur panglipuring cipta  
ambirat asmareng kingkin  
sang dyah gya mangusweng pada  
mring raka saha wotsari  
Jeng Sayidina Ngali  
ing driya saya sumawur  
kagugu trisnanira  
nanging ajrih mring Jeng Nabi  
wong jro pura sami anjenger sadaya.
44. Jeng Nabiyullah gya ngatag  
mangkat mring Sang Prabu Dewi  
samya jum kang samya brangta  
dyan lengser sing ngarsa Nabi  
kakanthen sata mami  
lawan Patimah Sang Ingrum  
ngali lumampah ngarsa  
nyaosken amparan rukmi  
Dyah Patimah wangsul pintu kang sapisan.

\*\*\*\*\*

## 40. DUMUGI ING NGAJRAK

### MIJIL

1. Mijil Ngali ngantosi ing jawi  
mring Sang Prabu Sinom  
wimbuh trenyuh wardaya rujita  
wentaring ujwala gandrung kingkin  
sang dyah duk kaeksi  
ing manah kumepyur.
2. Raka gantya manambut mring rayi  
sang dyah mangrep anor  
minta-minta aksama ature  
dangu denny kandheng aneng jawi  
dugekaken ing sih  
kadya kupu tarung.
3. Sang Dyah pinondhong mring kakung aglis  
mangeses Sang Sinom  
sarta maoni pasikepane  
binekta minggah ngamparan rukmi  
pinrakken maligi  
kinubeng para rum.
4. Kakung tansah ngaras wanti-wanti  
panabdanira lon  
lah mangka ta sira naking angger  
nora liwat paminteng sun gusti  
aja lami-lami  
pitambet maring sun.
5. Keri anggana pun kakang Yayi  
sapa kang sun emong  
Prabu Rara amanis ature  
den precaya gusti mring pun cethi  
mangsa ndadak ugi  
amba purun-purun.

6. Darbe sabda angliraken weling  
ngira Sang Wira Nom  
ginaliha puñ dasih ature  
mring paduka ingkang kathah kedhik  
tuwan ngong aturi  
sing ngamparan tumrun.
7. Sang Wira Nom gya tumedhak aglis  
pañ esmu wirangrong  
mangu-mangu ing gandrung tindake  
tansah mawas mring kang mindha sasi  
lir marcu katitis  
tedhak kadung-kadung.
8. Namur brangta Jeng Bagendha Ngali  
tumameng mangisor  
uluk salam jawat asta age  
mring kang paman Raja Sadat Satir  
gya ngatag Sang Dewi  
mring wadya jim gupuh.
9. Prawireng dyah neng ngarsa ngebeki  
sewa abra tinon  
pating galebyar sabusanane  
renyep kumet ujwala bra asri  
wadya jim menuhi  
ngakasa gumuruh.
10. Sanjata geng jumegur mawanti  
barung tengara ngrok  
satus kilan watara luhure  
pamesatnya Risang Prabu Dewi  
lan sagung wadya jim  
wus nukma sadarum.
11. Samya mangu kang keri pra sami  
anggandrung wirangrong  
lamun aja angeklasna tyase

pasthi lamun anggung brangta kingkin  
sang Bagendha Ngali  
saparan mangun kung.

12. Suprandene datan kena lali  
mring Sang Ruming Sinom  
tansah gandrung ing mangsa ningsete  
Prabu Rara duk karoning kang sih  
saecaning galih  
yen enget kumenyut.
13. Cinarita kang mesat wiyati  
Prabu Rara Sinom  
sakeplasan wus prapta prajane  
panggih Ibu Dyah Ismayawati  
sru oneng sang kalih  
kang putra rinangkul.
14. Ingkang Ibu tatanya aniti  
mring putra Sang Sinom  
dene lami paran darunane  
Sang Dyah matur saniskara nguni  
sarta kang sudarmi  
neng rana kasambut.
15. Dyah Ismaya kepati dennyanjerit  
ngrangkul mring Sang Sinom  
Sang Dyah matur menggah wusanane  
wus kenyatan rahmating Hyang Widhi  
kang rama Jeng Amir  
keksi neng swarga gung.
16. Ingkang Ibu wus marem ing galih  
sukur ing Hyang Manon  
pan sinigeg sang pandhita rajeng  
Sultan Ngabdul Sapari neng wukir  
lakon catur ari  
sing Ngajrak praja gung.

17. **Kagyat myarsa kang panjrit dumeling**  
neng jroning kadhaton  
datan pangling yen putra swarane  
glis tumedhak sakedhap wus prapti  
pinrak dalem puri  
putra wayah gupuh.
18. **Nukmeng pada dhumateng Sang Yogi**  
Sang Resi lingnya lon  
putraningsun sira naking angger  
praptanira ing kedhaton gusti  
paran rehing nguni  
niskaraning laku.
19. **Sarta ingsun kagyat amiyarsi**  
babo wayah ingong  
ing panjrite ibunira angger  
ing wusana nini sira prapti  
lah pajara gusti  
apa karanipun.
20. **Prabu Rara umatur wotsari**  
mring Eyang Sang Katong  
saniskara wus jinarwa kabeh  
sang pandhita kagyat duk miyarsi  
Jeng Amir wus sahid  
asru dennyu ngungun.
21. **Kawuwusa ngandika rum manis**  
babo wayahing ngong  
wus jamake manungsa nak angger  
lamun jurit ing wekasan lalis  
tur luwih utami  
sahid sedanipun.
22. **Prabu Rara gyu umatur malih**  
mring kang Eyang alon  
anjarwaken kang Rama rahmate

pan katingal aneng swarga di  
langkung sihing Widhi  
ingkang eyang sukur.

23. Matur malih Risang Prabu Dewi  
duka ulun cadhong  
boten nyana kawula wiyose  
pan manira ing mangke wus krami  
reh pineksa dening  
Jeng Nabi Panutup.
24. Amba semados atur udani  
mring Eyang Sang Katong  
rehning dereng angsal pangestune  
Kangjeng Eyang Jeng Nabi tan kenging  
pineksa pan mami  
dhateng Kangjeng Rasul.

\*\*\*\*\*

## 41. KAGUNGAN PUTRA NAMA MUHAMAD KANAPIYAH

### DHANDHANGGULA

1. Kamanisen sarta nanggulangi  
pan sanadyan dereng ngidenana  
Jeng Rasul meksa karsane  
mila wusanapun  
temah amba nurut Jeng Nabi  
mangke klampahan krama  
Jeng Sultan lingnya rum  
sukur babo wayahing wang  
kabeh iku atas karsaning Hyang Widhi  
jodho mangsa bakala.
2. Pan wus tetep donganing sun iki  
ingsun mucak mirangrong neng mega  
sira kang sun dongakake  
tutuga kratonipun  
keringana ing nungsa bumi  
luputa nguna sika  
lan panedhaningsun  
muga nuli akramaa  
aja gothang lawan kudangane nguni  
babo sudarmanira.
3. Matur nuwun Sang Narendra Putri  
sang pandhita malih angandika  
kakung ta sapa arane  
Prabu Rara umatur  
apan inggih Jeng Sayid Nabi  
kang ningkahaken amba  
Gusti Kangjeng Rasul  
inggih maleni priyangga  
lan ing mangke kawula sampun garbini  
angandheg kalih candra.
4. Myang lurahe pawongan pra putri

pan ing mangke akathah kang wawrat  
asale Sang Jayeng Sinom  
miwah guruning arum  
Dyah Patimah langkung denny sih  
pukulun dhateng amba  
tan mantra yen maru  
amba wonten ing Madinah  
boten wignya mangsuli sihing Jeng Nabi  
myang sihing sang Murtala.

5. Langkung suka sang Ngabdul Sapari  
gya mangangkat asta sarwi donga  
sarta ingaminan dhewe  
kalangkung sukuripun  
mring Pangeran Kang Maha Suci  
sang pandhita ngandika  
adhuuh putuningsun  
dene begja temen sira  
krama Wali Prajurit digdayeng bumi  
tur padha wangsana.
6. Dyah Ismaya tyas marwata siwi  
ingkang putra krama waliyullah  
kalangkung suka sukure  
wimbuuh mangke Sang Ingrum  
pan ing mangke sampun garbini  
mangrangkul lon manabda  
adhuuh putraningsun  
sun tetedha mring Hyang Suksma  
muga-muga kakunga putranta benjang  
pinanjangna kang yuswa.
7. Angandika Seh Ngabdul Sapari  
nini dewi apa impenira  
iya sadurung-durunge  
Prabu Rara umatur  
Kanjeng Eyang amba ing nguni

duk arsa mring Madinah  
marak ing Jeng Rasul  
punika amba nyupena  
pan katingal amba angemban kang sasi  
sarwi angandhut lintang.

8. Mesem ngandika Ngabdul Sapari  
iya nini ing supenanira  
teka gampang pracekane  
Bagendha Ngali iku  
kang minangka pangawak sasi  
kepanggih lawan sira  
kaping kalihipun  
ngandhut lintang pesthi benjang  
babar jalu warnanira langkung pekik  
dadya prajuriting Hyang.
9. Pilih tandhing kalamun ajurit  
widigdaya sekti mandra guna  
lawan malih kasapane  
lamun tirua ibu  
ya prajurit luwih sinakti  
lamun tirua bapa  
prajurit pinunjur  
tirua kang Eyang Ambyah  
prajurit nung sedena tirua mami  
iya nora kuciwa.
10. Prabu Rara umatur wotsari  
welingipun Kangjeng Rasulullah  
yen yekti jabang bayine  
ing tembe babar jalu  
sinung nama wasiyat Nabi  
Muhamad Kanapiyah  
tur wineca punjur  
ngungkuli kang kuna-kuna  
sang pandhita kalangkung sukuring Widhi

wekasan andodonga.

11. Ngangkat asta tumengeng wiyati  
pujinira mring Hyang Maha Mulya  
Allohuma ngajanine  
ngulanatan rajungan  
wa salikan wal la mukminin  
imanan wa sultanan  
alhum ngajalahu  
rajul nura nurbuatan  
salalahu ngalaihi wa salimi  
gaya katrima hyang Mulya.
12. Angin agung nulya andhatengi  
rindhik-rindhik anggegana rimang  
prakempa genjot bumine  
lintang samya sumuluh  
nulya geter pater munyasri  
ngarsa wonten gumebyar  
kagyat gunging gulu  
jumebret saking ngawiyat  
tri pandurat gandanya amarbuk wangi  
pracihnya yen istijap.
13. Enengena ganti kang winarni  
Sri Bardanas ing sapratanira  
nagri Lakat caritane  
lawan Baktiyar cundhuk  
nanging sampun den piranteni  
dhasar wadya ing Lakat  
sadaya wus suyud  
dhatem sang Patih Baktiyar  
sareng prapta Bardanas cinepeng aglis  
anulya pinejahan.
14. Sang Baktiyar wus madeg narpati  
angrenggani nagara ing Lakat  
atas Sri Hirman prentahe

wadya ing Lakat suyud  
wedi asih jiwa srah pati  
prituwin para raja  
kang bolos ing pupuh  
sadaya wus samya seba  
lulut ajrih dhateng Baktiyar narpati  
raja sewu nagara.

15. Sang Dyah ingkang aneng dalem puri  
putranira sang Raja Suwajan  
ya ta wus dhaup iang mangke  
lawan Baktiyar prabu  
kawarnaa sang nata lami  
kondurnya sing Madinah  
pinapaken pupuh  
duk prapta kikising praja  
ginelaran dening Baktiyar narpati  
kinumba padha rowang.
16. Dhasar wadyanira Lakat Aji  
kathah punggawa saking Ngabesah  
datan sumuyud ciptane  
sinupit robing mungsuh  
sing gunanya Baktiyar Aji  
sareng katrajang bubar  
sadaya asumyur  
Sri Lakat sampun palastra  
sedanira paekan sрана ngentasi  
kedhik kang labuh praja.
17. Kadya sapu wedhar gunging dasih  
rebut umur angungsi prajanya  
mati kanisthan Sang Rajeng  
kinumbaa ing apus  
labetira kurang nastiti  
agahan tur kageyan  
rehning bala nguthuh

tiwas cilaka dadakan  
tan wrin mala cundaka anamur sandi  
tabeting pringga baya.

18. Tulus madeg Baktiyar narpati  
angrenggani ing nagari Lakat  
kathah raja reh-rehane  
dhomas kang para ratu  
sumawita Prabu Medayin  
suyude lawan guna  
kathah marganipun  
saweneh kongas sing ngarsa  
kang saweneh nungkul kungkul an ing budi  
weneh nungkulnya raja.
19. Sing berdagang ing pangupa bukti  
suda wuwuh lumungsuring boja  
nalare reh pangambile  
weneh nungkuling ratu  
pinaekan kulineng budi  
weneh ginora godha  
akathah liripun  
sanadyan pambeging kopar  
Raja Hirman pan kena kinarya misil  
mendah lamun Islam.
20. Denira ulah ing praja niti  
kabudayan mring gunging sarira  
binobot ing sadugine  
mari-mari yen uwus  
ing lyan nungkul samya srah pati  
malih ingkang winarna  
ing Ngajrak praja gung  
maha Sang Prabu Wanodya  
cinarita sang dyah denira garbini  
wus prapta ing semaya.
21. Miyos jalu ingkang jabang bayi

cahyanira lir wulan purnama  
kalangkung endah warnane  
sampun sinungan juluk  
wasiyatnya saking Jeng Nabi  
Muhamad Kanapiyah  
tuhu yen binagus  
kang eyang sukur ing Suksma  
Dyah Ismaya prituwin Sang Prabu Dewi  
samya sru sukur ing Hyang.

22. Kalis ing grah ingkang jabang bayi  
kaya dudu undhaking sadina  
lir dinusan banyu gege  
amrih gancanging wuwus  
sampun yuswa sadasa warsi  
saya bagus warnanya  
ujwala sumunu  
bakdane Yusuf Narendra  
mung Muhamad Kanapiyah iangkang mirib  
sesekaring manungsa.
23. Aprituwin sagung para putri  
ingkang sami garbini sadaya  
wus babar jabang bayine  
jalu tur bagus-bagus  
gagadhangan prawireng jurit  
tunggil taun mayang wulan  
ing pambabaripun  
lawan Sang Raja Prinutra  
sampun samya sinungan nama paparing  
Ngiman Ngali pangarsa.
24. Ari malih sang Ngalibun Ngali  
malih Ngali Kusbali namanya  
Musibun Kaan malihe  
anenggih arinipun  
sang Ibrahim Muhtali malih

Tugan ing Turki Kadar  
iku kang waruju  
tan pisah dalu lan siyang  
kadang nenem lawan atmaja Sang Murti  
Muhamad Kanapiyah.

25. Pan den emong kang Eyang Sang Yogi  
siyang dalu tan kena pisah  
sirna tek ujat keprabon  
ngelmuning Hyang wus rampung  
gelaring rat kang agal rempit  
kasubing bumintara  
jim sajagad suyud  
malah wus dadi warana  
amumulang tata sarengating bumi  
wus dadya paguronan.
26. Dadya wakilira Prabu Dewi  
imbal wacana sarehing karsa  
wimbuh ing ngrangkep karyane  
sagunging adil kukum  
Sang Wira Nem dipun sedhahi  
ing nais kapradatan  
il-al gelarnya lus  
saben Jumuwh ambawa  
miwah kutbah para kadang mangestuti  
ngalim saliring kitab.
27. Dene ingkang dadya pamugari  
ingkang Eyang Sadat Satir Raja  
ingkang minangka embane  
wus ingangkat Sang Bagus  
mring kang ibu Sang Prabu Dewi  
prituwin sang pandhita  
nenggih sang binagus  
nama Prabu Anom Ngajrak  
ajujuluk Sayid Amirul Mukminin

Muhamad Kanapiyah.

28. Ambeg wanter asura sinekti  
pan sembada bagus wicaksana  
arum sareh pitembunge  
amrih gancange wuwus  
duk semana Sang Prabu Dewi  
neng ngarsane Sang Raja  
aminta panjurung  
pandonga genteni kratyan  
Sang Dyah sanget apan denira prihatin  
kedah putra ingangkat.

\*\*\*\*\*

## 42. RAJA HIRMAN NGRASUK AGAMI ISLAM

### ASMARADANA

- 1., Kasmaran matur Sang Dewi  
marang Sang Raja Pandhita  
ambā aminta sumeren  
nistha jeneng narendra  
estri jumeneng nata  
akathah cuwengahipun  
denira rumeksa sarak.
2. Kirang sampurnaning bumi  
narendra kalis ing bala  
ngedohaken praja rame  
lah punapa saenira  
kautaman rineksa  
anjembaraken kang luhur  
wisesa kirang sembada.
3. Rehning wajibing narpati  
boten kenging pupungunan  
surem padhanging kaprabon  
sanadyan amba wenanga  
ngratoni jim sajagad  
kirang kautamanipun  
satindak lawan pineksa.
4. Pantes-pantese duk nguni  
pukulun jumeneng nata  
sayekti sanes lan mangke  
sampun wonten kang gumantya  
wayah tuwan punika  
pun Kanapiyah wus mungguh  
kasub ing rat pramudita
5. Ngratoni lelembut myang jim  
sampurna adeging nata

sembada bagus wira nom  
ya ta Sang Raja Pandhita  
myarsa ture Sang Retna  
tan bisa mangsuli wuwus  
sidhakep mangunandika.

6. Kewran denira mangsuli  
matur malih Sri Wanodya  
tuwan galihen turing ngong  
lamun utamaning nata  
miliha kang sudibya  
kakung prawira tur bagus  
teliti trahing Ambiya.
7. Kang wicaksana ber budi  
kang tulus tan nandhang ina  
sareh saparibawane  
pukulun buyut paduka  
pan ngranggoni sadaya  
tan wonten kuciwanipun  
ing dalil myang kukumira.
8. Mesem Sang Ngabdul Sapari  
iya bener sira nyawa  
marintah ing reh kaprabon  
nanging ta pituwaning wang  
iku durung sampurna  
buyutingsun sang abagus  
samengko durung diwasa.
9. Sanadyan iku linuwih  
ber budi suci wicara  
asekti tur bancar anom  
iya iku wenang uga  
nanging kurang utama  
wantuning wong anom iku  
kurang tuwajuh ing karsa.

10. Kurang waspada ing gaib  
suda wuwuhing darajat  
ronggeh nugrahaning Manon  
babo upamane ana  
kalipah yen taruna  
pangrasa siyang lan dalu  
kaya wong dolanan gada.
11. Sarambut tan kena lali  
babo sinangga ing wadya  
yen luput nderawasake  
bubrah arjaning nagara  
kesit ingkang nugraha  
wahyuning rat temah kongsul  
barang-barang purwanira.
12. Tur durung prapta ing pesthi  
araning wong maksih mudha  
lir babakal upamane  
gampang mungguh ing kukumah  
ngadil miwah pradata  
ing dalil kadis kawuwus  
mungguh layanganing nata.
13. Nora sudah den rasani  
kahen kenyataan ana  
sayekti yen gampang bae  
bangsa swara ana rupa  
kagelar ing sajagad  
sumelangingsun mas ratu  
obah osiking kawula,
14. Kang metu sing kukum adil  
sadarga arjaning driya  
gaib sabarang pangkate  
ewuh yen durung waspada  
perang catur inguja  
rehing rat tansah sinau

tumpang suh wedharing karsa.

15. Iku wedakaning bumi  
murungaken kautaman  
bubrahing praja sikune  
lamun ta datan tinrapna  
temah kang jagad rengka  
rupak ngadil kukumipun  
narendra tan bawa rahsa.
16. Ngawruhi ing ngadil gaib  
mawas sebawaning driya  
iku karya luwih abot  
lumaku sadina-dina  
sulang pamoring praja  
solah netya tan kawetu  
rereged ironing salira.
17. Umatur Sang Prabu Dewi  
inggih paduka wulanga  
wayah tuwan ngreh praja bot  
mangolah raras sasmita  
kang eyang angandika  
abot tan kena winuruk  
landhep ilhaming wardaya.
18. Medal sing hidayat Gusti  
ngelmuning Hyang kang mangkana  
tan ana unggah-udhune  
yekti tan nganggo tuladha  
ingambil saking rahsa  
susantya sasmita luhur  
iku kawijiling sabda.
19. Umatur Sang Prabu Dewi  
pukulun wayah paduka  
pasrahenra mring Hyang Manon  
sanadyan para Ambiya

nabi kakasihing Hyang  
dennya katurunan wahyu  
tan nganti wahah diwasa.

20. Mesem Seh Ngabdul Sapari  
wusana arum ngandika  
adhuh gusti wayahing ngong  
ewuh sun misesanana  
ngangkat adegging nata  
reh sira jumeneng ratu  
ana ing Ngajrak nagara
21. Iya-iya karsa mami  
sasat sudarmamu uga  
kang ngestreni sira angger  
sarta nugrahaning Suksma  
marentah jim sajagad  
ewa samono Mas Ratu  
lamun sira paripeksa,
22. ingsun wedi mi sesani  
miwah yen angrestenana  
wirasat lungsur kaprabon  
ingsun wedi Dutaning Hyang  
Gusti Nabi Panutan  
lan yen dudu karsanipun  
lakimu Ngali Murtala.
23. Rehning putranira gusti  
lair meh ngantya diwasa  
durung wruh mring sudarmane  
sadene pra kadangira  
dadi kurang utama  
mendah dukaning Jeng Rasul  
babu mring awak manira.
24. Wong tuwa datanpa kardi  
tan wruh purwaning nugraha

anggampangaken karya bot  
lawan patut-patutira  
babo sira maraka  
mring Gusti Jeng Nabi Rasul  
miwah marang lakinira.

25. Dene uwis lawas nini  
sira datan mring Madinah  
nini lawan sayugyane  
anyaosna putranira  
ya ta Sang Prabu Rara  
myarsa sabdane sang wiku  
leget datanpa ngandika.
26. Rinasa-rasa ing galih  
tan tepang lan karsanira  
sang retna lenggana tyase  
yen sowana mring Madinah  
wusana lon aturnya  
amba lenggana kalangkung  
yen sowana mring Madinah.
27. Wayah paduka Sang Yogi  
sumangga ing karsa tuwan  
sowan dhateng Madinahe  
amintaa kang pandonga  
dhateng jeng Dutaning Hyang  
lan mintaa kang pangestu  
dhateng ing sudarmanira.
28. Jeng Sultan Ngabdul Sapari  
wus ngrojongi karsanira  
anenggih Sang Prabu Anom  
nenggih kang sowan priyangga  
miwah sakadangira  
wus dados ingkang pirembug  
malih mangsuli carita.
29. Nguni Sang Lakat Narpati

satiwasira ngayuda  
kalih dene pirantine  
nenggih sang Patih Baktiyar  
dutane Raja Hirman  
mangke ing Lakat kecakup  
dhateng Medayin nagara.

30. Nenggih kang prabu Medayin  
satiwasira Sri Lakat  
apan ta sanget ajrihe  
dhateng Jeng Nabi Muhamad  
gya sowan mring Madinah  
biluk ngirid para ratu  
dthomas samya manjing Islam.
31. Sarta lampahing agami  
sagunging para narendra  
suyud mring Madinah kabeh  
lelembut jim lan manungsa  
Ngarab lan tanah Ngajam  
ing ngatas angin sumuyud  
ing bawah angin wus seba.
32. Sagunging para narpati  
kang celak lan tanah Ngarab  
ing wulan Kaji sebane  
dene ingkang tebih pisan  
pedhak mangsa taun Dal  
samendraning jagad suyud  
nglampahi agama Islam.
33. Kawarna carita malih  
Gusti Jeng Nabi Muhamad  
sineba ing para katong  
miwah kang para sakabat  
pandhita resi jangan  
para ngulama nung-anung  
andher ngarsaning Panutan.

34. Samya bekta kalam mangsi  
amecah daliling Quran  
ajujumblah babasane  
benang subing makna lapal  
saking jembaring jagad  
warna-warna basanipun  
tan cukup ngamungna Quran.
35. Mila sagunging musanip  
kang sinung rahmating Suksma  
sarta kang angsal idine  
Jeng Gusti Nabi Muhamad  
pandhita tanah Ngarab  
kehnya sewu pitung atus  
pitung dasa lan sakawan
36. Kinen anggugubah ngelmi  
amarna pecahing Quran  
dadya kitab sakathahe  
makluk pamulanging umat  
amrih tataning sarak  
marga kautaman tuwuh  
sarengat Nabi Muhamad.
37. Murahi umat kang laip  
amindha umat kang ekas  
ambedakaken kang seja  
ngumpulaken ingkang tunggal  
mangeker gaibing Hyang  
anggelar kang wus kawujud  
iku sarengat kang mulya
38. Ngungkuli kang dhingin-dhingin  
ing donya rawuh ngakerat  
tanapi kasuciyane  
Jeng Muhamad Kabibullah  
gustingin pra utusan

kang mulya tur baboning nur  
pan ingaken rasaning Hyang.

\*\*\*\*\*

### **43. MUHAMAD KANAPIYAH SOWAN DHATENG MADINAH**

#### **SINOM**

1. Sri nataning kasampurnan  
Jeng Gusti Retnaning Bumi  
risedheng pinrak ing pura  
ingayap pra prameswari  
sira Bagendha Ngali  
sarimbit lan garwanipun  
ngandika aneng ngarsa  
Kasan lan Kusen sumiwi  
Kangjeng Nabi akathah ingkang wirayat.
2. Dhateng kang putra Patimah  
tuwin mring Bagendha Ngali  
marma timbalaning Suksma  
kang dhumawuh ing Jeng Nabi  
masalahing pawestri  
karongron lan kakungipun  
kakung amengku ing dyah  
jinarwaa mikenani  
risang kalih nging dereng pati kadriya.
3. Aminta teranging jarwa  
nastiti dennyu nampeni  
langkung sukaning wardaya  
Jeng Nabi lan risang kalih  
miwah pra garwa sami  
miyarsa sabdaning Rasul  
kapencut retna sumrah  
careming driya kaesthi  
Kasan Kusen enggar sami ngestu daya.
4. Kasaru ing pasewakan  
horeg sagunging kang nangkil  
sumingep ing jumantara

kang barat awor gurimis  
lir udan sinemeni  
swaraning kuda gumuruh  
Bubakar Ngusman Ngumar  
samya graita ing galih  
pan sinaguh Prabu Rara ing Ngajerak.

5. Kang sewa samya mredapa  
tambuh panduganing galih  
pan gupita-ginupita  
sagunging para narpati  
ciptane warni-warni  
ya ta tan antawis dangu  
cumlorot saking wiyat  
putra ing Ngajrak dipati  
wus tumedhak anujujug ing pasewakan.
6. Pra kadang tan kena pisah  
lan kang Eyang Sadat Satir  
miwah Asal Asil patya  
sedene bala wadya jim  
den andheg ing pawarti  
pitung yuta para ratu  
datan ana katingal  
amung sumuke kang keksi  
tedhuh sumeng suwaraning kang gagana.
7. Sadat Satir lan ki patya  
neng wuri denira linggih  
gawok sagung ingkang mulat  
kaini tenggengen ningali  
dhateng sang raja siwi  
lir pendah Yusup tumurun  
saking ing swarga pendah  
ujwala apindha sasi  
pamulunya kadya sarining kancana.
8. Saiba yen wus diwasa

sira risang raja siwi  
manis pangungruming sekar  
karengga ing busana di  
dangu denya ningali  
Abubakar mring sang bagus  
kacakra ing wardaya  
sinunduk lawan dudugi  
iya uga putrane Sang Prabu Rara.

9. Myang mulat para satriya  
nenem samya pekik-pekik  
kembar samya kaduk sura  
sabusananira sami  
sampun dinugeng galih  
Sayid Ngali kang susunu  
kacakra ing wardaya  
sasolah bawa tan tebih  
wus sairib lan Sayid Ngali Murtala.
10. Lawan kaping kalihira  
tan sami lan Sadat Satir  
miwah Asal Asil patya  
mila wus binatang galih  
satriya kang neng wuri  
saestu yen putranipun  
Sayid Ngali Murtala  
saksana Dyan Sadat Satir  
nulya majeng sasalaman lan Bubakar.
11. Tanapi Ngumar myang Ngusman  
miwah pra sakabat sami  
punapa dene sang patya  
sasalaman ganti-ganti  
Bubakar tanya aglis  
dhateng Sadat Satir Prabu  
manira atatanya  
sinten satriya puniki

**Sadat Satir umatur sarwi mangrepa.**

12. Punika wayah paduka  
putrane Bagendha Ngali  
arsa sowan mring Panutan  
lan kedah pirsa sudarmi  
mesem Bubakar aglis  
mrepeki mring sang binagus  
anjawat astanira  
nor raga sang raja siwi  
pra sakabat ganti-ganti sasalaman.
13. Malih Bubakar tatanya  
dhateng risang Sadat Satir  
satriya nenem punika  
dene pasmonira sami  
mirip sang raja siwi  
miwah ing nom sepuhipun  
Sadat Satir turira  
inggih kadangnya sang pekik  
sing ampeyan putrane Ngali Murtala.
14. Wus katur Jeng Dutaning Hyang  
putra ing Ngajrak dipati  
samana nulya ngandikan  
Kasan Kusen kang umijil  
sapraptanireng jawi  
ganti salaman Sang Bagus  
ngacaran sinambrama  
lir kembar satriya katri  
kakang adhi tan wonten kaot sepira.
15. Kasan Kusen bagusira  
aluhur semunya wingit  
sang prabu anom ing Ngajrak  
baguse amrajuriti  
kongas ujwala mingis  
sira pinancer kadulu

merang kucem kang mulat  
lir ningali surya sasi  
nora wingwang ginadhang prajurit ngalam.

16. Nanging kang cahya nurbuat  
Kusen pan luhur pribadi  
wus den irit sang dipatya  
jumujug ing pancaniti  
gawok sagung ningali  
kami tenggengen kang ndulu  
prapta nataring pura  
cingak sagunging pawestri  
parptanira lir mulat Yusuf sing swarga.
17. Jeng Nabi duta tumingal  
kang putra ingawe wanti  
nor raga mangranu pada  
darminta sasolah liring  
lenggah kapering wuri  
Sang Prabu anon tumungkul  
kadya konjem ing kisma  
mukane sang raja siwi  
Sayid Ngali tumambah ing tyas tan nyana.
18. Pan sampun nguluki salam  
Sang Prabu anon mring nabi  
gupuh majeng jawat asta  
mangestu padaning gusti  
ngangkat mastaka linggih  
ya ta astane sang bagus  
ingasta mring panutan  
adangu pinanjer liring  
ulat lenggah pacak solahing sarira.
19. Wusana Jeng Nabi nabda  
lah ingsun tanya sayekti  
apa sira ingkang aran  
Amad Kanapiyah kaki

putrane yayi dewi  
kang ngrenggeng Ngajrak kadhatun  
umatur sang dipatya  
inggih kawula Jeng Nabi  
ingkang nama pun Muhamad Kanapiyah.

20. Anama wasiyat tuwan  
duk amba wonten garbini  
amba putraning Murtala  
patutan sing Ngajrak gusti  
arum delingga Nabi  
lah ta babo putraningsun  
sira apa wus wikan  
mring sudarmanira kaki  
prabu anom umatur dereng uninga.
21. Ngandika Jeng Nabiyullah  
lah ing wurinira kaki  
ya kiu sudarmanira  
ingkang aran Sayid Ngali  
myang sandhingira iki  
ibunira kang rum-arum  
sang Dyah Dewi Patimah  
mara salamana aglis  
urmat suyud babo marang wong atuwa.
